

# Manto DG.



# MITOS RAKYAT CIREBON

D'Mulyadi 88.



PNRI



Balai Pustaka



Crita Cirebonan  
MITOS RAKYAT CIREBON



**TIDAK DIPERJUALBELIKAN**  
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara  
Perpustakaan Nasional, 2011

Crita Cirebonan  
**MITOS RAKYAT CIREBON**

oleh:**Manto DG.**



Pcrum Pncibbia» dan Pcreciakan  
«ALAIPUSTAKA

BP No. 3105

Hak pengarang dilindungi undang-undang

Cetakan pertama — 1989

398.2

Man **Manto DG**

c Crita Cirebonan Mitos Rakyat Cirebon / oleh Manto DG. —  
cet. 1. —Jakarta : Baai Pustaka, 1989  
84 hai. : ilus. ; 21 cm. — (Seri BP no. 3105).

1. Ceritera rakyat— Cirebon. I. Judul. II. Seri.

ISBN 797—407—047—5

Gambar kulit dan dalam: Adjie

## BEBUKA

Kados-kadosipun jaman penyebaran agami Islam teng dhaerah Cirebon tah sanes kadasan ingkang baen-baen. Leres kadasane sampun keliwat atusan taun kepengker, ning raosipun sepriki teksih nabet teng manahe titiyang Cirebon. Kemakan dening jaman tabetipun punika dados criyos turun-temurun kang sampun dados mitos. Enggih mitos-mitos punika kang digelar teng buku punika.

Boten aneh manawi meh sedanten mitos wonten sesambetane kalih Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati. Awit enggih Gusti Sinuwun punika ingkang kawentar anggenipun mrintah negeri, agung ing baksana, adii palamarta, lan sapiturutipun. Malak-mandar miturut pakecapanipun para sepuh jaman rumiyin, wonten dhawuhe Gusti Sinuwun ingkang sepriki kedah diugemi.

Buku punika diterbitaken, sekedhikipun mengku kawigatosan kalih prekawis. Ingkang sepindhah perlu kange nglestantunaken kawujudaning basa utawi dialek Cirebonan. Dene kaping kalihe saperlu nglanggengaken pituwah tuwin betuwah ingkang sae-sae, lan pantes dikawuningani dening tiyang kathah.

Baiai Pustaka



## **DAFTAR ISI**

Bebuka .....	5
1. Satriya Menjangan Wulung .....	9
2. Babad Ciwaringin .....	14
3. Arya Lanang .....	22
4. Ki Junti Lan Nyi Junti .....	29
5. Nyi Mas Ratu Gandasari .....	36
6. Kelestarian Alam Perlu Dijaga .....	40
7. Ketek Putih .....	43
8. Barang Polesan Kanggo Contoh .....	48
9. Pulane Jaran Dikombong .....	53
10. Lambang Persatuane Kaum Agama .....	58
11. Kaya Ayam Rebutan Pangar .....	62
12. Raden Garut .....	66
13. Endhang Dar-ma Ayu .....	70
14. Ki Gede Sura .....	77
15. Rukun Kang Matek Sentosa .....	82



## 1. SATRIYA MENJANGAN WULUNG

Kacarita ing jaman peralihan, waktune Gusti Sinuwun Sunan Gunungjati nyiaraken agama Islam. Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati dikenal adil lan agung ing palamarta.

Anggone nyiaraken agama Islam mau beli nganggo paksaan, tapi segeleme dhewek-dhewek bae. Gelem nganut agama Islam syukur, beli gelem iya beli matek dadi apa.

Ana dene pusere pengajaran agama Islam mau ning tanah Cirebon, kang saya suwe saya akeh santrie.

Bareng para santrie mau wis akeh, para santrie mau kepengen supaya agama Islam enggal disebaraken.

Nuli bae nekani daerah-daerah. Rakyate dikongkon nganut agama Islam. Kang lemes dieluk, kang mbangkang dikerasi. Nganti akeh daerah-daerah kang ditaklukaken.

Pulane beli sepisan pindo, ana perang geger gumenter. Sebab ing Jawa Barat waktu semono wis akeh satriya-satriya kang lali pati, taroh nyawa mbelani agamane.

Tekae agama Islam ing Jawa Barat waktu iku masyarakat Jawa Barat wis nganut agama. Yaiku agama Hindu lan Buda.

Anae perang kang geger gumenter mau, ndadeknang akehe satriya kang pralaya. Gugur anggone toh pati adu raga. Ana uga sing keplayu lan iya akeh sing gelem nganut agama Islam.

Kocapa ing satengahing alas sejerone Jawa Barat ana iku satriya. Satriya mau gagah lan bagus rupane, aran Menjangan Wulung.

Ana dene asale satriya Menjangan Wulung mau sing dhaerah Luwung gajah, sawijining dhaerah tapel wates Jawa Barat lan Jawa Tengah kang waktu semono masih ngakoni anae kerajaan Mataram Hindu. Sanajana kerajaan mau wis langka.

Satriya Menjangan Wulung ngrasa getun atine, beli bisa nglabu-

hi agama nganti tetes getih kang akhir. Satriya Menjangan Wulung tatu atine, sebab dheweke beli bisa nandhingi jurite para santri kang ketela saking Cirebon.

Satriya Menjangan Wulung keplayu, luru reka daya supaya bisa nganakaken pembalesan.

Lakune Satriya Menjangan Wulung nasak-nasak manjing ning sejerone alas, pasrah pati njaluk urip. Beli wedi ning gangguane satoan kang ana ning alas mau.

Tekan ing satengahing alas, satriya Menjangan Wulung nuli tetapa, nyusun wangsiting Dewata Kang Agung.

Suwe-suwe saking banget getoling tetapa, prihatin sejeroning ati, kuat nahan akehe godhaan. Dewata Kang Agung maringi penjalukane.

Selagine tetapa satriya Menjangan Wulung ditekani Begawan Ciptawening. Begawan Ciptawening ngajari ilmu kesakten, ndadekaken satriya Menjangan Wulung sakti mandraguna.

Mung bareng begawan Cipatawening mau perlu nyuciaken barine satriya Menjangan Wulung, Begawan Ciptawening kanda, yen sekabeh ilmu kesakten mau umpama dibanding karo ilmuning Kang Maha Agung, beli ana sekuku ireng-ireng acan. Sekabeh umat bakal balik ning Kang Dumadi. Kudu gelem maklum ning kaanan, bokat wis dadi kudue agama Islam bakal sumebar ing tanah Jawa. Poma-poma sekabeh ilmu aja kanggo lalawora, tapi enggoen kebagusan.

Nasehate Begawan Ciptawening beli dirungokaken. Satriya Menjangan Wulung nuruti krenteging ati. Tanpa pamit mlesat ning gegana. Njujug tanah Cirebon.

Ing waktu iku Cirebon wis rame, akeh wong kang padha teka, perlu blajar agama Islam.

Ana kang blajar ngaji, ana kang blajar nulis aksara Arab lan ana uga kang blajar sejatining agama Islam. Malah ana uga kang blajar penca silat kanggo mbela diri. Perlu kanggo sangu urip slamet dunya lan akherat.

Saking saktie satriya Menjangan Wulung, wong Cirebon kang semono akehe pada beli katon ndeleng satriya Menjangan Wulung.

Satriya Menjangan Wulung jlajag-jligjig manjing metu ning pekumpulan para santri kah Iangka kang ngaru beda.

Nganti metu sesumbare satriya Menjangan Wulung, "E ... wong Cirebon, wong Cirebon ... semene-mene bae ..."

Sawise satriya Menjangan Wulung njajagi sekubenge tanah Cirebon, mider-mider Iangka kang padha weruh. Satriya Menjangan Wulung mencelat ngancik-ancik ning sedhuwure memolo mesjid Agung. Mesjid pusaka Cirebon kang mula-mula dienggo muruk-mulang agama Islam.

Satriya Menjangan Wulung ditumbak, dibacok, dipentung, dicubles nganggo keris. Tapi para santri mau pance nandhingane.

Satriya Menjangan Wulung ditumbak tugel tumbake, dibacok remuk goloke, dicubles mleyot kerise. Awake satriya Menjangan Wulung gumebyar metu genie. Nganti para santrie padha bubar ketawuran, beli kuat nandhingi.

Gusti Sinuwun Sunan Kalijaga nuli angles manahe, terus gage sowan ing ngarsane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati.

"Gusti matur tiwas. Mugia dados sumereping panjenengan yen waktos punika tanah Cirebon wonten ingkang nginapraja". Ature Gusti Sinuwun Sunan Kalijaga. "Awrat anggenipun diayoni."

"Raka, kados-kados kula sampeyan sedaya sampun nyadari yen mokal wonten gesang mboten wonten pangan. Wonten penyakit mboten wonten obate. Sadaya kersane Kang Maha Kuasa. Mila nurut kula satriya Menjangan Wulung pasti wonten ingkang saged nandhingi. Mangga sedayanipun kula pasrahaken dhumateng raka." Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati ngendika malih.

"Dhuh Gusti, leres dhawuhing andika rayi. Satriya Menjangan Wulung satunggaling satriya linuwih. Mboten saged ketumpes dening adu raga lan mboten wonten malih ingkang saged nandhingi. Mung kadang panjenengan Nyi Mas Ratu Kadilangu." Gusti Sinuwun Sunan Kalijaga nerangaken.

"Mekaten raka, mangga sedayne kula pasrahaken dhumateng panjenengan." Wangsulane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati.

"Gusti, mila selajenge kula badhe nyuwun idzin perlu

minangsraya dhumateng keng kadang." Ature Gusti Sinuwun Sunan Kalijaga.

"Mangga raka, punapa ingkang dados saenipun kemawon." Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati ngidini.

Sawise aturan kang kaya mau, nuli Gusti Sinuwun Sunan Kalijaga mangkat nemoni Nyi Mas Ratu Kadilangu.

Ngrungu ature Gusti Sinuwun Sunan Kalijaga, Nyi Mas Ratu Kadilangu nyanggupi, terus cangcut taliwanda. Ngajak para santrie manjing ning serone mesjid agung, pura-pura beli weruh anae satriya Menjangan Wulung.

Nuli Nyi Mas Ratu Kadilangu karo para santrie kang pitu akehe pada adzan bebarengan.

"Allahu Akbar." swara adzan nggugur gunung, nyentuh jantunging menusa. Mangka terus-terusan ambal ping pitu.

Bareng lafal adzan kang kari, "Laillaha Ilallah." Sirna sing buana. Gggeeggeerrrr . . . ana swara. Satriya Menjangan Wulung kontal kawur remuk jujuk.

Bener jare ujare Begawan Ciptawening, sekabeh ilmu pangaweruh apa bae lan kesakten iku beli kena kanggo lalawora. Sebab beli diridlo i ning Kang Kuasa.

Remukan jasade satriya Menjangan Wulung mlesat kawur dadi walu ireng. Pulane wong tuwa ning tanah Cirebon wanti-wanti ning anak putue aja nganti wani nandung walu ireng.

Lan jarene racune satriya Menjangan Wulung kawur marani In-dramayu dadi ana tanduran.

Sedeng Nyi Mas Ratu Kadilangu waktu iku gugur, dadi pahlawan.

Jasade sirna ning selempenge paimaman mesjid Agung Cirebon.

Ana dene memolo mesjid Agung uga waktu iku kawur amblas mengulon tekan ing Banten. Tibane ditampani ning Nyi Mas Ratu Kawunganten, nuli ditrapaken ning memoloe mesjid Banten.

Pulane mesjid Banten memoloe tetumpukan loro. Sebab kang sijie kawuran sing memoloe mesjid Agung Cirebon.

Kang mengkonòn mau nggamaraken yen rakyat Banten karo

rakyat Cirebon masih ana hubungan. Ibarat sedulur loro kang beli kena pisah.

Lan uga nggambaraken yen wong urip ning dunya iku kudu saling silih asih, silih asuh lan silih asah. Kudu senang semeduluran.

Crita iki uga ngandhung pitutur kanggo para nom-noman semengko, lamun tah bisa kelakon duwe ilmu pangaweruh apa bae, enggoen kang bener. Sebab lamunan ilmu iku dienggo kang nyalahi bakal nyilakani.

## **2. BABAD CIWARINGIN**

Ketentreman lan keamanane rakyat ngwujudaken pengayoman sing bagus kanggone para kawula sewaktu njalanaken syarekat agamane dhewek-dhewek. Beli nduwensi rasa sumelang, watir bokatan keganggu.

Sedheng ing waktu iku, critane rakyat Cirebon padha gentong sinauran, ngandhakaken keanan kang lagi gawat, nyritakaken anae begalan.

Gusti Sinuwun Sunan Cirebon ngrasa runtik pikire, sawisengrungu ature para kawula. Yen hubungan kang bagus antarane rakyat Cirebon karo rakyat saking kerajaan Galuh waktu semono dadi kisruh.

Rakyat Cirebon kang arep marani dhaerah kerajaan Galuh, kebegal ning Plumbon, dikongkon padha balik maning.

Semono uga rakyat kerajaan Galuh kang arep marani dhaerah Cirebon kepaksa beli sida.

Ana dene kang matek dadi sebabé waktu semono Gusti Sinuwun Sunan Cirebon durung weruh. Pulane gagian ngaturi putrane kang aran Arya Kemuning.

Sebenere pancen Arya Kemuning mau dudu putrane pribadi. Tapi putrane Adipati Luragung, kang didadekaken putra angkate. Sebab waktu semono garwane Gusti Sinuwun Sunan Cirebon kang saking negri Cina nggandrung, Keyungyun maring putrane kang seda.

Adipati Luragung saking Kuningan rèla lan iklas ngidini putraneputun Arya Kemuning, diurus lan diopeni ning warga keraton Cirebon. Nganti gedhe kumalawon-lawon.

Sawise Arya Kemuning sumungkem ing dampal sukune Gusti-Sinuwun Sunan Cirebon. Gusti Sinuwun Sunan Cirebon ngutus Arya Kemuning, dikongkon marani kerajaan Galuh. Perlu di-



Kacarita lakune Arya Kemuning kang ngambah gunung, mudhun gunung, suwe-suwe ketangguan Arya Kiban.

kongkon nylidiki sebabe keanan kang ngganggu kelancarane hubungan rakyat Cirebon lan rakyat kerajaan Galuh.

Lakune Arya Kemuning beli terüs amblas marani kerajaan Galuh. Tapi mubeng dhikit, balik marani Luragung. Njaluk restu rama lan ibune.

Bareng rama lan ibune Arya Kemuning mau wis ngidzini. Nembe Arya Kemuning mangkat marani kerajaan Galuh. Ngambah giri gantara.

Kocapa, senyatane gangguan kelancarane hubungan rakyat Cirebon karo rakyat kerajaan Galuh mau beli ana liyan saking tindakane Arya Kiban, patih kerajaan Galuh.

Ning sawijining paseban panawaka. Arya Kiban ngrungu dhuwih Sang Prabu kerajaan Galuh. Sang Prabu kerajaan Galuh nampi wangsiting Dewa, yen kabeh rakyat kerajaan Galuh besuk bakal manjing agama Islam, nuruti dhawuhe Sang Prabu Peajaran.

Dhawuhe Sang Prabu kerajaan Galuh kang kaya mengkanan mau ndadekaken Patih Arya Kiban penasaran.

Pendhapate Patih Arya Kiban, yen bisae rakyat kerajaan Galuh padha gelem nganut agama Islam mau, saking hubungan bebas antarane rakyat kerajaan Galuh lan rakyat Cirebon.

Kenang sebab iku Patih Arya Kiban nyetop kelancaran hubungane rakyate karo rakyat Cirebon.

Kang mangka kacarita ning sawijining kaol, yen Patih Arya Kiban iku sakti mandraguna. Bisa ngilang, bisa mabur, bisa mendhem lan awas paningale. Patih Arya Kiban, Ki Gede Palimanan, Sangyang Gempol iku telu manunggal.

Nganti sekabeh rakyate beli bisa gugulawat lan langka sing kumawani.

Kacarita lakune Arya Kemuning kang ngambah gunung, mudhun gunung, suwe-suwe ketangguhan Arya Kiban. Patih Arya Kiban kaget, terus nggedhea sembari gero-gero:

"Heh ... ladaalah ana satriya. Heh satriya mandhega dikit."

Arya Kemuning waspada, nuli mandheg ngadhepi Patih Arya Kiban.

"Hah ... hah ... satriya, satriya sapa iki." Pitakone Patih Arya Kiban, kemrengosan.

"Heh punggawa, sebalike sapa sliramu, anggur-anggure ngadhangi lakuningsun."

"Ladalah ... ditakoni malah nakoni. Tapi dasar isun, becik. Isun Arya Kiban, patih kerajaan Galuh." Jawab patih Arya Kiban.

"Apa mulane ngadhangi dalan. "Arya Kemuning takon maning.

"Perlu ngadhang wong Cirebon kang arepan marani Kerajaan Galuh."

"Lah maksude."

"Tek kongkon balik maning."

"Apa sebabe."

"Ladalah ... rewel temen. Ya kongkon balik maning." Jawabe Patih Arya Kiban.

"Aih, kapiasem. Wong arepan nganakaken seduluran, arepan dagang, arep dolan, dikongkon balik maning. Diblaweni tanpa sebab. Apa-apaan kuwenkuh?" Glendhenge Arya Kemuning.

"lah ... lah ... wonge cilik, nanging akeh omonge." Omonge Patih Arya Kiban kecletus, rada mengkel.

"Arya Kiban."

"Nun."

"Dadia pangaweruhmu, yen wong kang nganaknang seduluran iku bisa dadi karaharjaning negara." Arya Kemuning nerangaken.

"Idhih tamba nemen." Patih Arya Kiban nggetem.

"Arya Kiban."

"Nun."

"Dhengdheng gedhang wewalehan isun Arya Kemuning utusan' sing Cirebon."

"Ladalah, sing mau-maua blakakuh. Heh ... Arya Kemuning." Omonge Patih Arya Kiban mengkel.

"Anaparan."

"Balik." Patih Arya Kiban nyentak.

"Kena Arya Kemuning balik, lamun wis sempal bau kiwa lan tengene." Jawab Arya Kemuning.

"Kurang ajar... Heh Arya Kemuning."

"Anaparan."

"Apa Sliramu beli wedi ning Patih Arya Kiban, Patih kerajaan Galuh?"

"Wedi kenang apa, besuk wani kiyen ya wani." Jawab Arya Kemuning.

"Sambata mati." Sewote Patih Arya Kiban, bari nyawut awake Arya Kemuning dibenturaken ning gunung.

Gleger ... krungu swara seru pisan. Tapi watu kang remuk, dudu jasade Arya Kemuning. Arya Kemuning njenggelek tangi. Nandingi jurite Patih Arya Kiban.

Patih Arya Kiban kaget, seumur uripe nembe nemoni musuh kang tangguh.

Perange Patih Arya Kiban karo Arya Kemuning kena kebasakan perang giri gamana, toya gamana. Perang ning dhuwure gunung lan perang ning sejerone banyu. Perang satriya kang padha wanie lan padha saktie. Langka kang menang — langka kang kalah. Keloro-loroe padha kuwate. Perange dur-duran. Sing esuk tekan ning sore. Baka ngrasa pegel pada liren. Yen kempong bareng mangan, umpama ngelih nginum ya bareng nginum.

Suwe-suwe perange tekan ing gunung Kromong.

Ning kono ana wit weringin kang gedhe pisan. Oyod-oyode witan weringin mau ana tuk banyue kang santer. Ndadekaken separeke witan weringin mau ana balong kang amba.

Kacarita waktu perang mau tekan ning kono, panas nyentet pisan. Patih Arya Kiban lan Arya Kemuning gemrojos adu kringget.

Ndeleng ana banyu, terus bae wong loro mau rundingan. Perange liren dhikit.

Bareng wis liren, kringete padha ilang, awake krasa seger. Patih Arya Kiban nuli njebur ning balong karo sesumbar, "Ayoh, Arya Kemuning. Lamun sliramu wani, ayu padha jogol ning sejerone banyu.

Beli nganti nunggu pindho ping telue sesumbare Patih Arya Kiban, Arya Kemuning nuli anjlog nubruk Patih Arya Kiban.

Jogolane Patih Arya Kiban lan Arya Kemuning nasak-nasak

alas, sing tuk banyu weringin nganti tekan pesisir daerah Karangkendhal.

Tapak jogolane mau dadi iiiring banyu kang migunani kanggo penguripan. Akeh dhaerah kang maune nyageraken tekane banyu udan, bisa kebanyon. Tapi ana uga dhaerah-dhaerah kang tanahe maune wis kegarap dadi rusak, sebab ketrajang sungkaiane wong perang.

Satemene sanajan Arya Kemuning mau kuat nandhingi jurite Patih Arya Kiban, ngayoni perang penjalukane Patih Arya Kiban. Arya Kemuning mau ngalami keseseg.

Waktu perang kang ndeder mau lekan riing pategalan parek pesisir, Arya Kemuning tiba nggletak lan tattu. Sikile kesrimped ning wit oyong, utawa wit emes kang gedhe.

Untunge gagian umpetan ning gubug kang ana ning kono, terus ngurut lan mberesi sikile kang kesrimpong mau.

Sedurunge Patih Arya Kiban nanggoni Arya Kemuning sing lagi umpetan ning sejerone gubug mau. Dilalah ana kidang kang nyonglot.

Sangkae Patih Arya Kiban, Arya Kemuning ngrupa dadi kidang. Kidang diplepek, diuber-uber.

Playune banter pisan, mlesat-mlesat kaya panah.

Pengrasae Patih Arya Kiban, Arya Kemuning ngajak balapan mlayu. Nganti Patih Arya Kiban kewalahan.

Patih Arya Kiban gedhabag-gedhubug nggedhag kidhang. Kidange kaya kecandhak-candhaka. Arep ketubruk .... pos, kidange mencelat.

Kidange jejingklakan, prasasat mbebeda Patih Arya Kiban. Nganti Patih Arya Kiban napsu atine. Terus kidang mau diplepek sepatine.

Kidange kaget, terus mlayu manjing ning rerungkeden.

Hange kidang, jebol Patih Arya Kiban nanggoni Arya Kemuning. Patih Arya Kiban yakin kidang mau ya Arya Kemuning.

Ning kono Patih Arya Kiban ilang semangere, napsu bititamae lebur. Nimbulaken rasa kagum nyawang Arya Kemuning.

Arya Kemuning dirangkul, rupa sedulur, sembari ngomong, "Arya Kemuning, nyata sliramu dudu musuh. Isun beli ngrasa

kalah lan beli bakal menang tanding karo sliramu. Sing wates dina iki sliramu tek aku sedulur. Besuk anak putunisun beli bakal nguna-sika ning sliramu. Seteruse isun arep seduluran. Sekiyen apa ang dadi anutanmu enggoen ning sliramu. Isun ya arep ngenggo anutanisun. Agamamu kanggo sliramu. Agamanisun ya dheke isun. Sebalike tek jaluk sliramu aja nemen-nemen ngadiwasa ning awakisun. Masalah rakyat kerajaan Galuh apa kang dadi baguse pasrah ning sliramu."

Tes ngomong kang kaya mau kah Patih Arya Kiban terus ngilang. Tapi beli balik ning kerajaan Galuh. Amblas marani dhaerah Penjalu tanah kang waktu semono masih alas kang gedhe.

Besuk teka maning ning kota Cirebon, sewaktu diminangsraya tenagae kanggo nglabuhi perang gedhe-gedhean antarane peng-anut agama Islam lan penganut agama Hindu.

Sedeng Arya Kemuning dewek kepaksa nibakaken pakecapan utamane kanggo anak putue warga Kuningan. Besuk poma aja wani nandur wit oyong. Sebab wit oyong mau sing nyebabaken Arya Kemuning arep olik kawirangan.

Sawise Arya Kemuning mau ngaturaken apa kang kedadian ning Gusti Sinuwun Sunan Cirebon, lan Gusti Sinuwun Sunan Cirebon wis ngaweruhi sekabehe, suwe-suwe hubungan rakyat Cirebon karo rakyat kerajaan Galuh kang macetkah lancar maning.

Seteruse ning iliring banyu tilas tapak perange Patih Arya Kiban karo Arya Kemuning mau akeh wong sing padha teka luru peng-uripan.

Dhaerahe diarani Ciwaringin. Sing tembung sunda: Cai tina waringin. Tembung mau njawab pitakone wong akeh. Sing endi tekae banyu. Nuli saya lawas rubah dadi Ciwaringin.

Ana dene sepengalore tanah Ciwaringin mau ana tanah kang amba dawa, aran: Gintung kidul, Gintung tengah, Gintung lor.

Ning kono sewaktue perange Arya Kemuning karo Patih Arya Kiban wis ana pribumi. Anae jogolan mau wong-wong pada mengkel, sebab tanahe rusak. Tapi beli bisa apa-apa.

Hiring banyu mau dianggepe gantie tanahe kang rusak. Pulane diarani Gintung. Sing tembung nagih untung.

Waktu semono daerah mau durung ana arane. Anae aran Gintung bebarengan karo anae daerah Ciwaringin. Lan asale ya kepanjing babad Ciwaringin.

### 3. ARYA LANANG

Kacarita nurut kandane wong luwa.

Waktu jaman pertengahan, ing sebelah iore Gunung Kromong, ana iku Ki Gedhe. Kang dadi sesepuh rakyat dhaerah mau, aran Ki Gedhe Gempol.

Waktu semono wis lavvas anggone Ki Gedhe Gempol ngrasa keder, nyawang tingkah lakune Arya Lanang.

Bener senyatane Arya Lanang dudu putrane, tapi sekabeh suksarane Arya Lanang, Ki Gedhe Gempol kang nanggung.

Ki Gedhe Gempol kelingan sewaktune ketitipan saking ramane Arya Lanang, sawijining pinangeran saking kerajaan Galuh.

Ramane Arya Lanang keduli-duli teka masrahaken Arya Lanang, mbari njaluk, supaya Ki Gedhe Gempol gelem mulasara.

Bagus blesake pasrah apa jare Ki Gedhe Gempol. Mung ramane Arya Lanang ngarepaken kira putrane besuk bisa dadi wong kang ana gunane.

Dhasar Arya Lanang mau sawijining bocah kang pinter, padhang pikire, wekel lan nurutan. Arya Lanang nganti bisa dadi sinatriya kang pideksa, priatin, ulet lan duwe kesakten.

Bareng dirasa-rasa Ki Gedhe Gempol mau wis beli kuat ndelengakene. Sedheng Ki Gedhe Gempol dhewek durung weruh apa kang dadi pemikirane Arya Lanang. Arya Lanang katone runtik ngenesaken.

Ki Gedhe Gempol nuli nakoni, apa sebab musababe, bisae Arya Lanang dheleg-dheleg, sedina-dina nglamun.

Awite Arya Lanang beli gelem blaka. Tapi bareng didhedhes ngaku, yen dheweke lagi nggandrung, kedanan Nyi Mas Ratu Gandasari. Putri turun putra pinangeran saking Samudra Pasai, kang dadi putra angkaie Pangeran Cakrabuana, madhepok ing padhepokan Panguragan.

Ngrungu ature Arya Lanang kang kaya mengkonon mau Ki Gedhe Gempol kaget. Sebab Ki Gedhe Gempol weruh, yen Nyi Mas Ratu Gandasari iku ratu perwira, beli kena digegabah.

Nyi Mas Ratu Gandasari nggelar sayembara, "Sing sapa-sapa bisa ngayoni jurite, kuwen kang bakal dadi jodhone."

Wong selawe negara kang padha kepencut melu nglamar, padha bubar ketawuran, beli kuwat nandhingane.

Mangka nurut jare omongan kang ngandakaken, yen Nyi Mas Ratu Gandasari iku sakti mandraguna.

Ujare kandha kang kaya mengkonon mau, sebenere kangone Ki Gedhe Gempol beli matek dadi wedi lan miris. Mung kang dadi pemikirane Ki Gedhe Gempol waktu iku langka maning, Ki Gedhe Gempol ngrasa blenak karo wong Cirebon. Sebab Ki Gede Gempol pancen wis ngagumi ning tatacarae para santri saking Cirebon.

Lamun tah Ki Gedhe Gempol maksa melu sayembara, kepriwen mengko kandhane wong-wong Cirebon. Ki Gedhe Gempol ngrasa watir, dheweke diarani kumawani ngganggu ketentremane wong Cirebon, ngalang-ngalangi sumebare agama Islam.

Nanging dhasare wong tuwa ning anak, senenge langka watese. Jare basa mbeseta dading dhewek dilakoni, kanggo mbelani anak.

Sambiran Arya Lanang aja cilik ati, bisa jembar pemikirane, tambah pangaweruhe. Ki Gedhe Gempol nuruti penjalukane Arya Lanang. Kang maksude Ki Gedhe Gempol niat nguji batine Arya Lanang.

Para sesepuh dikumpulaken, dikongkon nyiapaken sabda penglamar. Ngiring Arya Lanang marani Padhepokan Panguragan.

Lakune ngambah iliring banyu mentor, tekan ing panggonan kang akeh wit pring gadinge.

Ing kono padha liren, ngaso sewetara waktu. Nganti sakiyen panggonan mau diarani Palgading. Njukut sing tembung watesan kang akeh pring gadhinge.

Kocapa critane ing Palgading mau Arya Lanang ngrungu kabar cature rakyat. Kabar mau ngandhaknang, yen Ki Majeti kang dadi sesepuh rakyat dhaerah mau ngalami melu sayembara. Tapi gagal beli bisa nyumbadani syarate sayembara.

Waktu semono cara sayembarae sejen. Sawise Pangeran Cakra-

buana nandur pari sejung dadi sekranjang, dipangan ning wong selawe negara beli entong.

Pangeran Cakrabuana duwe penjalukan ning sapa bae kang bisa ngurug ledhokan tanah rawa Junjang, kira-kira bisa dadi tanah sawah kang ana gunae kanggo anak putu besuk, arepan di-jodhohaken karo Nyi Mas Ratu Gandasari.

Ki Majeti melu sawaka, ambal-ambalan ngunjal lemah sing gunung, nuruti penjalukane Pangeran Cakrabuana.

Mbarengi ning waktu kuwen uga Arya Budur, sawijining pung-gawa saking kerajaan Galuh melu sawaka. Arya Budur ya ngunjali lemah sing gunung, ngurug ledhokan tanah rawa Jungjang.

Mung anggone ngurug ledhokan tanah rawa Jungjang mau Ki Majeti karo Arya Budur sewang laku. Wong loro mau beli weruh yen pegawéane dikerja ning wong loro.

Pancene Ki Majeti lan Arya Budur gen sebenere ngerti yen pega-weane gelis pragat, kaya ana kang ngrewangi. Tapi keanan kang kaya mengkonon mau Ki Majeti lan Arya Budur nduweni penyangka berkah saking ajiane kang lagi diramalaken. Nganti prangsae Ki Majeti lan Arya Budur tetep nganggep basii urugane mau olihe dhewek.

Suwe-suwe bareng pegawéane ngurug ledhokan tanah rawa Jungjang mau arep pragat, Ki Majeti amprok, kepregok karo Arya Budur.

Pikire Ki Majeti, "Ladalah, wong kih kumawani temen, ngga-wa-nggawa lemah arep digawa mendi."

Semonoa uga pikirane Arya Budur, padha bae.

Wong loro nuli padha urusan, pagudreg, terus dadi gulet.

Guéte ngambah dina ngambah bengi, padha kuwate, padha wanine. Gedhabag-gedhubug, nggusur petegalan.

Ki Mejati ngrapal aji gelap sewu, sedheng Arya Budur nganggo aji welut putih. Nganti jogolane wong loro mau setandhing.

Kocapa Pangeran Cakrabuana kang langlang, ndelengaken wong kang lagi ngurug ledhokan tanah rawa Junjang mau, suwe-suwe kelangan. Sebab Ki Majeti lan Arya Budur langka amput-ampute.

Pangeran Cakrabuana nuli nggoleti, marani mengulon. Ning sekidule pakebonan mlinjo, Pangeran Cakrabuana nanggoni Ki Majeti lagi padha jogol karo Arya Budur, sembari padha manggul lemahe.

Pangeran Cakrabuana nuli misah. Tapi Ki Majeti lan Arya Budur ngakas, beli gelem dipisah.

Saking kedere Pangeran Cakrabuana ngepret Arya Budur tiba mengkoreb. Lemahe ketumplek dadi lemah dhuwur.

Panggonane Arya Budur tiba mau sakiyen dadi daerah diarani Desa Budur. Lemahe dadi pategalan ning sepengulon elore Desa mau.

Sedheng kebon mlinjo mau dhaerahe sekiyen diarani Desa Tangkil, njukut sing pakecapan Sunda, yen mlinjo iku Tangkil.

Anadene Ki Majeti ketendang kawur.

Kawure, Blang . . . amblas mengalor ngwetan, tiba mangumangu. Ning tempat tibae dadi daerah, diarani Blangu.

Saking banget ngestokaken sawakae, lemah kang dipanggul kegawa. Tiba rada mengalor ning tanah rawa, kang sakiyen diarani Pulo Majeti.

Ing Pulo Majeti mau, suwe-suwe dadi panggonane Ki Majeti nganti tekan ajale. Kuburane minangka dadi kebuyutane wong Blangu.

Sedheng kaol sezene ana maning kang nyritakaken, yen Ki Majeti iku sawijining wong kang kuwat, perkasa kaya dene buaya. Tapi bareng ketendhang ning Pangeran Cakrabuana, tiba mangumangu. Dadi dhaerahe diarani Bayalangu. Pulane Blangu umume diarani Bayalangu.

Seliyane kabar kang kaya mengkonon mau, rakyat Blangu kah kandha, yen Padhepokan Panguragan mau dudu ning kono, tapi mana mengetan.

Terus bae Arya Lanang mangkat mengetan, tekan ning tapel wates Padhepokan Panguragan.

Ning kono Arya Lanang separa pengiringe ndeleng Perange Nyi Mas Ratu Gandasari karo sinatriya kang bagus rupane, aran Seh Magelung.

Sawise ndeleng perang mau Arya Lanang kesima, ngrasa yen dheweke dudu tandhingane.

Pikire Arya Lanang kang maksude teka ning padepokan Panguragan mau arepan melu sayembara, nglamar Nyi Mas Ratu Gandasari. Rubah ngalih anyar, dadi kepengen ndeleng tekan ning endi wis-wisane perang mau.

Arya Lanang nuli ngatur para pengiringe kongkon mendem barang lamarane kang arupa tumbak lan keris. Terus ngongkon para pengiringe supaya pada batik maning.

Seteruse daerah tapel wates .Panguragan sebelah kulone mau diarani Desa Kalianyar. Sebab asale sing ngalihe pemikirane Arya Lanang kang anyar.

Critane Arya Lanang nuli nginthil, nyakseni perang mau.

Perange nganggo perang kadigdayan, ngadu kaperwiran. Nyi Mas Ratu Gandasari karo Seh Magelung genten gitik ning gegana wiyati.

Nyi Mas Ratu Gandasari ngrupa dadi ula, Seh Magelung dadi naga.

Nyi Mas Ratu Gandasari ngrupa dadi geni, Seh Magelung dadi banyu.

Nyi Mas Ratu Gandasari ngrupa dadi kembang, Seh Magelung dadi kupu.

Nganti akas lan lemese perange Nyi Mas Ratu Gandasari keeluk ning Seh Magelung. Nyi Mas Ratu Gandasari ngrasa kasoran.

Nuli Nyi Mas Ratu Gandasari keplayu mengetan, nganti tiba ke-sandung. Sikile tatù, getihe gleceran.

Ning kono gagian Nyi Mas Ratu Gandasari njukut lemah, tatue diobati. Dilalah bisa waras, nganti sakiyen daerah kang dijukut lemahe mau diarani Desa Lemahtamba. Desa mau ya dikenal ning endi-endi, bisa dijukut lemahe kanggo tamba.

Bareng Nyi Mas Ratu Gandasari wis ngobati tatue, nganti waras, Nyi Mas Ratu Gandasari ngrungu sesumbare Seh Magelung, "Uwis rayi, aja kedereng-dereng. Ngalahya bae ning kakang. Kakang mangsa nganiayaa."

Nyi Mas Ratu Gandasari gae mlayu mengulon maning. Tekan ning kebon serut ngrupa dadi aki-aki, nyendhe ning wit serut mau.

Tapi Seh Magelung awas, yen Nyi Mas Ratu Gandasari ngrupa dadi Ki Gedhe Sendhe. Artie Ki Gedhe kang lagi nyendhe ning wit serut. Nganti sakiyen dhaerah mau diarani Desa Sendhe lan Ki Gedhe ya mung dedadiane Nyi Mas Ratu Gandasari.

Sing Sendhe, sawise Nyi Mas Ratu Gandasari ketangguan ning Seh Magelung, Nyi Mas Ratu Gandasari terus mlayu mengulon. Beli adoh sing kono ngrupa dadi Ratu, ngaku turun pinangeran Cirebon. Ngemban putra kang masih bayi, diiring para embane. Bayie digeyong ning geyongan.

Tapi ya beli suwe, Seh Magelung weruh anae Nyi Mas Ratu Gandasari ana ning kono. Nyi Mas Ratu Gandasari keplayu, bayie mati. Dipendhem, ditengeri wit kesambi.

Pulane dhaerah mau diarani Dewa Geyongan. Sebab barang bukti kang masih ana wujud geyongan. Sedheng Nyi Ratue langka wujude, mung dedadiane Nyi Mas Ratu Gandasari.

Nuli ning tempat tengeran kang ana wit kesambi mau kang didekaken tempat kebuyutane wong Geyongan.

Critane Nyi Mas Ratu Gandasari ngrasa mengkel, tapi ya keplayu maning marani mengulon, terus mengkol mengalor, nuli balik maning mengetan.

Nyi Mas Ratu Gandasari beli weruh, yen sedawane mlayu bentingke kedhodhoran nyarugi lemah, ndadekaken lemah duwur ning selore desa Geyongan lan sekulone desa Arjawanangun.

Suwe-suwe Nyi Mas Ratu Gandasari sadhar, yen betinge kedhodhoran. Terus mbeneri bentingke kang dadi bengkunge mau.

Ning panggonan mbeneraken bentingke mau sakiyen diarani Si Bengkung,

Setruse Nyi Mas Ratu Gandasari mlayu marani mengetan. Tapi Seh Magelung tetep nggedag-gedag.

Saking mengkele Nyi Mas Ratu Gandasari kang digedag terus-terusan ning Seh Magelung nuli nglawan sepatine. Nganakaken perang ning seduwure langit.

Kocapa critane ning kono iku Arya Lanang kang kedhungsang-dhungssang nginthil ndeleng perange Nyi Mas Ratu Gandasari karo Seh Magelung mau beli katori. Pulane ning kono Arya Lanang

ngupahi aran desa Slangit. Artine perange beli katon, ning seduwure langit.

Arya Lanang beli weruh, yen seteruse Nyi Mas Ratu Gandasari nuli niba ning pangayomane Gusti Sinuwun Sunan Cirebon njaluk keadilane. Gusti sinuwun Sunan Cirebon nuli naklik, nakoni ning Nyi Mas Ratu Gandasari. Gelem belie kawin karo Seh Magelung.

Nyi Mas Ratu Gandasari nyanggupi, tapi dudu ning dunya. Nyi Mas Ratu Gandasari gelem kawin karo Seh Magelung mengko ning alam akherat.

Ngrungu ature Nyi Mas Ratu Gandasari kang kaya mengkonon mau, Gusti Sinuwun Sunan Cirebon nuli ngatur ning Seh Mage-lung lan Nyi Mas Ratu Gandasari dikongkon pada balik ning panggonane dhewek-dhewek.

Arya Lanang sadhar, ngerti ning dhirie dhewek. Mbeneraken ujare wong tuwa, yen ning dhuwur langit ana langit. Ning dunya ana wong pinter, ana kang luwih pinter.

Sanajan Arya Lanang beli kelakon dhaup karo Nyi Mas Ratu Gandasari, tapi Arya Lanang beli ngrasa cuwa. Beli pati-pati Kang Kuasa nolak penjalukane umate, bokatan wis dadi kudue. Sebab tempo-tempo Kang Kuasa nyipta kekarepane aneh kanggo menuusa.

Sing Slangit Arya Lanang nuli ngantepaken tekade, balik ning panggonane. Perlu nrima ning pandum, ngajari ning anak putu besuk, kudu gelem nrima ning kaanan. Sanajan panggonane Arya Lanang mau sawijining tanah cengkar, wujud watu-watu gunung. Kudu bisa diolah kira-kira dadi barang kang onjo gunae.

Nganti bisa ndadekaken pengobongan kapur. Kang hasile diper-lokaken ning pembangunan.

Arya Lanangi ipat-ipat ning anak putue, aja nganti ngetog kekarepane dhewek. Cukup raup dilakoni ning dhirie Arya Lanang. Sebab wong kang ngetog ning kekarepane pasti bakal nemoni rasa cuwa.

Pulane kanggone para nom-noman poma aja nganggo klambie uwong kang dienggo ukuran, ukuren awake dhewek. Poma aja niru-niru polahe wong liyan, aja cilik ati seumpama pepengene beli kesumbadan. Kang Kuasa pasti ngganti kang luwih sempurna.

#### **4. KI JUNTI LAN NYI JUNTI**

Ing pesisir kaloran, sedurunge agama islam sumebar ning dhaerah kono. Ana iku tanah kang amba lan subur makmur.

Waktu iku ning tanah mau durung akeh pribumie. Mung ana Ki Junti lan Nyi Junti bae.

Anadene penguripane Ki Junti lan Nyi Junti mau luru iwak ning segara. Ngurus kebon, ngopeni wit klapa kang tambah dina tambah akeh, cukulan klapa kang kentir sing segara.

Iwak lan klapa digawa adoh, marani kampung-kampung ditukar karo beras lan keperluan sejene.

Tempo-tempo Ki Junti lan Nyi Junti mau anggone luru iwak bebarengan. Tapi seringe Nyi Junti kang ning umah.

Waktu semono Nyi Junti wis pinter ngantih kapas digawe benang. Benange ditenun didadekaken tapis, klambi lan sarung.

Mengkonon critane uripe Ki Junti lan Nyi Junti mau nganti bisa urip lan bisa genah.

Kocapa ing sawijining bengi kah Ki Junti kuh ngundhang Nyi Junti, diajak ngobrol.

"Heh kang, ana apa sampeyan ngundhang kula kuh." Takone Nyi Junti.

"Mengkenen, isun luh wis lawas urip ning dunya luh." Jare Ki Junti.

"Lah maksude."

"Isun luh ngrasa watir."

"Watir apa?, watir kurang mangan tah!" Nyi Junti nyela.

"Dudu mengkonon."

"Apa sih."

"Isun ngrasa watir bokatan kampung kita kuh kaya kandhane bapa."

"Lah bapae kandha apa?"

"Lagi isun cilik, sewaktu bapa masih ana. Bapa kah kandha, yen jarene ana kampung kang subur makmur. Tanahe ditanduri witan apa bae bisa cukul. Ndadekaken rakyate bisa padha urip kesenengan. Tapi beli lawas kampung mau ditumpes, kenang benduning Kang Kuasa." Jare Ki Junti.

"Lah kepriwen sih asale." Nyi Junti takon.

"Asale ana wong ngemis kang teka njaluk sedhekah. Tapi wong sekampung langka sing gelem ngupahi." Ki Junti nerangaken.

Seteruse Ki Junti crita yen wong ngemis mau nuli lunga bari sesumbar. Terus ngilang tanpa krana.

"Ilange wong ngemis mau ndadak teka musibah. Tanah kampung mau ambles keleb banyu. Dadi balong kang amba, diarani Situ.

"Lah kang, apa sing perlu diwatiri. Crita kuwen kan adoh karo keanan kita." jare Nyi Junti, nyelani kandhane Ki Junti.

"Ya bener, tapi kang perlu dipikiri kuh kesugihan kita kang semene akehe luh mengkoe arepan kanggo sapa. Lamun beli bisa dimanpaataken kan mubadir." Jare Ki Junti.

"Ya sing bengen gen kula kuh kandha ning sampeyan luh. Uwis mari luru iwake, aja kedereng-dereng. Udan angin maksa mangkat. Panas nyentet masih ning laut. Ari menggawe langka mari-marie. Nganti klalen mangan klalen nginum." Jare Nyi Junti.

"Aih ... ari luru iwak sih arane kewajiban. Wong urip kudu kerja. Apan baka sedina bae beli kerja kuh awak lara kabeh. Kerja luh minangka obat urip, supaya adoh karo penyakit." Jare Ki Junti nerangaken pendhapate.

"Ya uwis, aja sok glindheng, aja sok watir-watir. Kari pasrah bae apa anae." Jare Nyi Junti.

"Dudu mengkonon kang tek maksud. Kandha kih tambah ngawur. Yong ari lagi ngomong durung tutug wis disegat kuh dadi nglantur." Jare Ki Junti rada mengkel.

"Nuli arepan apa sampeyane." Omonge Nyi Junti rada kegugu.

"Mengkenen isun luh setemene kepengen ana wong sing gelem teka mene." Jare Ki Junti.

"Lah semengko lamun ana wong sing gelem mene arep apa?" Nyi Junti takon.

"Arep tek turuti apa penjalukane. Arep tek bagiaken tanah kang semene ambae lih. Kuwen kang diarani manpaataken piko-lih. Isun arane bisa amai. Sebab urip kang sebenere iku kudu gelem bebantuan." Jare Ki Junti.

"Heh kang. Ari kang diarani bebantuan iku dudu mengkonon. Wong urip ning dunya iku kudu njalananke kebeneran. Kudu duwe tanggung jawab ning Kang Kuasa. Bebane Kang Kuasa iku-abot. Kudu ditanggung dhewek-dhewek. Saben uwong napsi-napsi. Beli bisa nanggung kesalahane wong sejen." Jare Nyi Junti angger nyelani.

"Lah kuwen ya bener lamun diaji ning batin. Ari lahir kang dimaksud bebantuan iku urip brayan. Tulung-tinulungan sepedha batur. Urip kudu nganggo bedhamian, beli kena sekarepe dhewek." Ki Junti nerangaken maning.

Suwe-suwe, sawise wong loro mau kah padha pagudreg, njalasaken benere dhewek-dhewek. Nyi Junti kah nuli ngalah. Nyi Junti gelem ngrungokaken kandhane Ki Junti. Ki Junti ngetepres ngandhakaken pangaweruhe.

Ki Junti nerangnang kepengenane.

Ki Junti nduwensi kepengenan supaya besuk panggonane bisa rame akeh pribumie.

Seumpama besuk kekarepane mau bisa keturutan. Ki Junti arep ndidik rakyate kira padha wekel menggawe. Kongkon kiyeng maguru, luru ilmu apa bae ning endi bae.

Ki Junti arep pesen ning anak putue kira anak putue besuk aja nganti wani ning guru. Sebab guru iku luhur lelungguhe.

Sing sapa-sapa gelem gawe kebagusan ning gurue pasti arep olih hikmahe Kang Kuasa. Kalig-kaligane padhang pikire.

Guru iku ana limang macem. Kesiji guru purwa, yaiku Kang Kuasa kang ndadekaken bumi langit seisie.

Keloro guru kesiji, yaiku embók dhewek sing ngandhut, sewaktue masih jabang bayi ning sejerone wetengan.

Ketelu guru pindho, yaiku bapa. Ning dunya lih mokal anae awak lamun langka wujude bapane.

Kepapat guru katelu, yaiku guru kang ngupahi pangaweruh ning dhiri pribadi. Kang ngupahi wulangan kira bisa man-

paataken kesugihan alam kang akeh iki supaya gedhe manpaate kanggo luru urip slamet ning dunya lan akherat.

Kelima guru manira, yaiku pribadi kang manunggal ning sejeroning ati. Kang bisa nentuaken slamet lan belie urip ning dunya. Pewulangane diaji nganggo batin. Nenuwun ning Kang Dumadi supaya urip aja nemoni kesusahan. Beli kena ngejor kekarepan, klalen ning keanan.

Nah soal gawe kebagusan ning guru, beli kudu nganggo barang peweweh. Kang penting, gelem nrima lan nuruti printahe.

Para satriya jaman bengen beli gampang ditrima ning paguron. Kudu nganggo syarat. Syarate ya lahir batin.

Sanajan guru pangaweruh mau iklas mulang pangaweruhe ning murid. Mung perlu ngantepaken pengabdiane. Tapi kang dadi muride kudu duwe rasa rumangsa.

Ana dongeng jaman bengiyen, ning sawijining petapan iku ana guru kang luhung. Guru mau duwe murid kinasihan. Nganti sekabeh ilmue mau diwulangaken langka kang kari.

Bareng wis pol, guru mau kanda ning muride." Sanajan isun kanthi iklas mulang ilmunisun ning sliramu, isun duwe pengarep-arep, kira sliramu bisa males budi ning isun."

Krungu kandane gurue mau, si murid nuli mbudi daya teka maning. Mbaringgawa gegawan. Beras pari pepikulan, pakean kang bagus-bagus, emas lan inten.

Ndeleng gawane muride mau gurue godheg. Nuli kandha, yen kang dimaksudning pengarep-arepe iku dudu mengkonon. Tapi tingkah laku kang luhur, amalan kang bagus. Kang bisa gawe aran bagus ning paguron. Aja gawe tumindak kang ngisin-isinaken.

Pancen, gedhe cilike pengarep-arepane guru mau akeh maceme. Ana uga hikmah lan do'ae guru kang bisa ketukar karo barang sepele. Arupa, udud, beras lan pengangan. Ana uga kang mung bisa ketukar karo syarat batin. Kang sebenere lamun murid kepengen bisa nemu kemulyan lahir batin. Si murid kudu bisa gawe senenging guru.

Kocapan mau panceh sepele, tapi akeh tatale.

Anae wong kang nempokaken kaanan anake ning gurue, kang rupane dianggep kurang puas olihe mulang, tapi beli gelem beban-

tu ning suksarane. Iku salahe dhewek. Sebab ning endi-endi barang kang bagus tur berlian iku mung bisa ditebus karo pengorbanan.

Seteruse Ki Junti kandha, yen besuk seumpaina ning paragonane mau wis akeh rakyate, rakyate arep dikongkon padha kiyeng njalanaken kebeneran.

Bareng kandhane Ki Junti mau tekan, "Sayang nganti wayah iki durung ana wong kang gelem marani mene."

Ki Junti nglirik, Nyi Junti wis lali. Beli kakean pikir maning Ki Junti nuli melu turu.

Ning sejerone turu Ki Junti ngimpi ketemu karo sawijining jejaka kang arep ngawula, njaluk nunut ning Ki Junti.

Jejaka mau janji, lamun bisa ditrima ngawulae, panggonane Ki Junti besuk pasti rame, akeh wong kang gelem padha teka.

Tentu bae Ki Junti mau nyanggupi. Tapi bareng Ki Junti mau takon arane jejaka mau, sedurunge disauri, Ki Junti wis nglilir.

Sejeb waktu iku Ki Junti terus-terusan ngarepaken tekae jejaka mau. Tapi langka teka-tekae. Nganti Ki Junti ngrasa yen impene mau mung kembange wong turu, kegawa-gawa lagi awan.

Dilallah ing sawijining dina, sewaktu Ki Junti ngrakad luru iwak ning tengah segara, ki Junti ndeleng ana kambang-kampule pang kayu kang gede. Saking lumayane kayu mau digawa ning pesisir.

Sejen dina kayu mau digepuk, arep didadekaken kayu obong.

Tapi bareng kampake ditibakaken ning kayu mau, glecer ... metu getihe. Ki Junti kamitenggengen. Prangsae Ki Junti, kayu mau duwe nyawa. Sedhih lan memelasaken.

Niate Ki Junti mau arepan nggepuk kayu kah beli sida, diwurungaken. Dheweke terus balik wewara ning Nyi Junti.

Nyi Junti ngupahi saran, supaya kayue mau digawa marani tengah segara maning.

Ki Junti nurut. Kayu mau nuli digawa ning tengah segara. Tapi kayu mau nggubel meped terus ning pinggire prahu, beli gelem pisah. Ki Junti keder, akhire kayu mau kepaksa kegawa minggir.

Anae kayu mau suwe-suwe ndadekaken runtike atine Ki Junti lan Nyi Junti. Angen-angene keganggu, sering nglamun.

Ning lamunane, pengrasae Ki Junti ana wong ngomong langka

rupane. Swara mau ngongkon Ki Junti ngukir kayu kang ana ning pesisir, didadekaken barang. Sebab jarene barang mau kang bakal marahi panggonane Ki Junti bakal akeh pribumie. Dadi Desa kang rame.

Anehe nyata, bareng kayu mau diukir. Kayu mau amoh lan gampang diwujudaken. Kecipta dadi manuk garuda. Ana tlalene, ana elare, duwe sisik kaya ula. Nuli diarani garuda peksi naga liman.

Bener jare impen, sawise kayu mau bisa ngwujud dadi tumpakan, akeh wong kang padha teka, perlune nyilih garudha mau. Sebab bareng sewaktu karo pragate ngukir garudha peksi naga liman mau, dilallah ing dhaerah sejene ana uga kang bisa ngwujudaken rupa kesenian. Kayadene; genjring dhogdhog, berokan, ketempring lan sejene.

Anae kesenian mau saking banget perlune luru hiburan sing bisa gawe senenging ati. Bisa muruk mulang ning anak putu kepriwen kudue wong urip ning alam dunya.

Kesenian-kesenian kang ana waktu iku lamun diaji ngandung pitutur kang gedhe manpaate.

Kaya dene berokan, nggambarkan yen wong urip iku kabeh kersane Kang Dumadi. Wong sing perkasa, njlagjag-jligjig ngrasa rosa, kadiran pinter, sakti mandraguna. Lamun dilolos jiwa, nglumpruk kaya karung bodhol.

Pulane wong urip kudu ngati-atи, aja kadiran semangsaе lagi urip. Kudu kelungan yen sekabeh menuсаа bakal balik ning Kang Kuasa.

Kesenian mau sanajan laras lagune mung; dhag-dhag, dhog-dhog, tangtang tungdhang, ketemprang-ketempring, gedhumbrang-gedhumbrang. Laras mau kecipta ning wong kang luhung. Dudu wong badrak-badrakan. Laras mau dicocogaken karo lugune rakyat.

Anae wong kang padha teka ning panggonane Ki Junti nggawa keperluan dhewek-dhewek mau suwe-suwe njalin kemupakatan. Merlokaken anae kesenian, meningaken amai, gelem urip brayan lan seneng ngupahi pitutur ning para nom-noman. Idhep-idhep mulang pangaweruh supaya besuk uripe slamet.

Suwe-suwe dadi ana wong duwe gawe, pesta lan arak-arakan. Kanggo alesan nganakaken duwe gawe mau, kang maksjude supaya pekolihe anggone mekaya ana kang bisa diamalaken ning wong sejen. Rakyat dhaerah mau nganakaken pengantenan bocah cilik. Perlune ya ngantepaken seduluran. Sebab waktu semono sunatan durung ana, penganten gedhe keisinen.

Kang duwe gawe nyembelih kebo, sapi, wedhus lan seanane. Sedheng tangga-tanggane nyumbang wragadan seperlune. Rakyat melu nderes, olah untingan daging lan mangan empale.

Sejeb waktu iku critane, sekabeh kepengenane Ki Junti keturutan. Panggonane rame akeh pendhudhuke. Saya lawas dadidesa diarani desa Juntinyuat. Asale sing tembung tunggake Ki Junti kang nyongat. Artine warisan tanah sing Ki Junti kang katon amba. Pulane nganti jaman sekiyen ana wong kang ngarani Juntinyuat mau Juntinyongat.

Kaanan kang kaya mengkonon mau sewaktue agamà Islam sumebar bisa diterusaken. Sebab kanggone wong kang arep ngamalaken pekolihe kang ditrima dienakaken ning wong sejen iku wis dadi kewajibane wong kang ngabekti ning Gusti Allah.

Sedeng ning daerah sejene pesta arak-arakan mau ana kang ngarani jendralan, sebab sewaktue Jaman Kumpeni, serdhadhu Kumpeni beli bisa nyegah lan mbendung kekarepane rakyat. Ibarat nuruti printahe jendrale, kudu mesti.

Tapi sangsaya lawas, pesta mau nglawi wates, beli ngelingi keanan. Jor-joran ngetog napsu kepengen dialem, beli meningaken tujuane. Nganti tempo-tempo dadi cilakane dhewek, dunyae entong kabeh kanggo mbeyani pesta mau, uripe mlarat.

Nuli bae pemerintah dhaerah kita nyegah lan ngupahi penjelasan yen amal iku dudu mengkonon carae. Rakyate ya padha sadhar, nuruti ature pemerintah mau. Yen duwe gawe sakiyen sih seperlune bae

Sebab kang diarani amai iku ngupahi bantuan ning wong-wong kang bener-bener merlokaken.

## 5. NYI MAS RATU GANDASARI

Pititure wong tuwa jaman bengen kanggo ndhidhik, muruk mulang ilmu ning anak putu sambiran anak putue bisa urip slamer waluya jati, ana ning dunya lan akherat iku akeh kaole. Pirang-pirang máceme, tapi sekabehe perlu dibedharaken.

Tempo-tempo ana pititure wong tuwa kang diwalik blak-blakan.

Ana pititure wong tuwa kang mengkenen, "Heh cung, lamun sliramu kepengen dadi uwong, sliramu kudu pinter mbegal lan kudu bisa utang beli bayar."

Lamun tah pitutur mau dituruti seglonge, jelas kejebur, nemoni dalam salah. Apa-apaan nasehat mengkonon kuh?

Tapi lamun dipikir, dingertené sejeroning ati, nasehat mau kuh bener.

Mbegal kang dimaksud dudu ngrampas barange uwong, ibarat nggarong utawa nyenyolong. Tapi mbegal wong kang liwat ning arep umah, wayah magrib sewaktu wulan puasa.

Kang dibegal diaturi nginum lan dahar. Ngalap sunahe Nabi, kongkon gagian buka puasae.

Sedeng utang kang baguse aja dibayar iku dudu utang duwit utawa barang sejene. Tapi utang beli turu ning waktu bengi, awane aja bayar, beli turu maning.

Jarene wong tuwa, lamun tah wong kuh wis bisa nglakoni lelakon kang kaya mengkonon, iku tandane wong kang wis ngerti ning ajarane agama Islam.

Ana maning nasehate wong tuwa kang mengkenen, "Cung, besuk bokatan sliramu dadi pemimpin apa bae. Poma aja nganggo klambi macan. Talung ari bengi, tentune uwong kah pada wedi kabeh. Ari awan ya pasti dikroyok."

Nasehat mau maksude, poma-poma ning sapa bae aja sok

adigang, adigung, adiguna. Aja kadiran ning segalane. Kudu eling ning asal, supaya semengko bokatan nemu pepeteng, beli bakal nyilakani awak.

Pitutur kang kaya mau umume diselap-selapaken ning dongengan, utawa crita kang kedadian.

Pulane akeh babad utawa crita kang bener-bener kedadian sing digedek-gedekaken. Maksude mung malar sabab supaya maknae crita mau bisa dicontoh.

Semonoa uga babade Nyi Mas Ratu Gandasari.

Crita Nyi Mas Ratu Gandasari iku akeh kaole. Meh saben kampung duwe crita dewek-dewek kang dicocogaken karo keanan kampunge.

Kocapa nurut sawijining kaol.

Pangeran Cakrabuana sewaktue lagi lelayaran, mampir ning negeri Samudra Pasai ketemu bari sawijining keluarga, turun pinangeran.

Pinangeran mau duwe putra masih cilik.

Sing awake bocah mau, katon ning Pangeran Cakrabuana, kaya ana cahaya kang gumebyar. Pangeran Cakrabuana yakin, yen bocah mau bakal bisa dadi tamenging agama. Besuk pasti gelem mbelani agama lan gelem nyiaraken sumebare agama Islam.

Terus bae Pangeran Cakrabuana terang-terangan njaluk si bocah mau ning wong tuwane. Perlu dihidhik, didadekaken bocah kang soleh.

Ngrungu penjaluke Pangeran Cakrabuana mau, awite wong tuwane ya kabotan. Tapi bareng Pangeran Cakrabuana nerangaken maksude, yen bocah mau arep dipulasara lan dianggep anak dewek, semengko arepan diwulang pangaweruh agama Islam, supaya dadi wong kang migunani kanggong agamane, suwe-suwe wong tuwane mau iklas ngulungaken putrane.

Si bocah mau terus digawa marani Cirebon. Diopeni nganti gedhe lan diajari pirang-pirang macem ilmu pangaweruh. Nganti dadi bocah kang pinunjul.

Bareng sekabeh ilmuning Pangeran Cakrabuana mau wis diajaraken. Pangeran Cakrabuana ngongkon ning bocah mau dikongkon nerapaken bebenere, nyocogaken karo bebenere wong

sejen. Kang cekake si bocah mau dikongkon nggoleti guru kang bisa nambahi ilmu pangaweruhe. Sebab ilmuning Pangeran Cakrabuana mau wis entong diajaraken kabeh.

Pangeran Cakrabuana wanti-wanti pesen ning bocah mau, supaya bisa nggoleti tapak kuntuling manglayang lan galihing kangkung.

Si bocah nurut, nuli mangkat nggöteti paguron. Nganti critane olih pitung panggonan.

Bareng wis olih pitung paguron, kang saben paguron ngupahi tambahan ilmu pangaweruh, si Bocah mau ngrasa pesegi, ngrumangsa papak mbari para wali, kebek pangaweruhe.

Si bocah mau nuli olih gelar, Raden Saptarengga.

Seteruse Raden Saptarengga metu takabure, kepengen njajal pangaweruhe, perlu nyoba ning kesaktene.

Nanging Raden Saptarengga rumangsa kengelan luru bentrokan kang bisa dadi tandingan. Raden Saptarengga kawetu akale, nugel pelanangane, rubah dadi wong wadon kang ayu pisan. Nganggo aran Nyi Mas Ratu Gandasari.

Pelanangane diwadahi kandek, dititipaken ning nini-nini kang ana ning satengahing alas.

Seteruse Raden Saptarengga kluyuran saben kampung, nglenjeri para nonoman, kongkon pada kepencut lan pada ngintil marani Desa Pangungsen.

Ning Desa Pengungsen mau Raden Saptarengga nggelar panggung sayembara, "Sing sapa-sapa bisa ngayoni jurite, kuwen kang bakal dadi jodohe."

Wong sing endi-endi, sakubenging Jawa Barat iki pada teka, nyacak kesaktene Raden Saptarengga. Nanging kabeh pada murag, ora kuat nandingane. Nganti Desa Pengungsen mau suwe-suwe rubah dadi Desa Panguragan. Sing tembung urag-uragane wòng akeh.

Kocapa nini-nini kang dititipi kandek kah ngrasa pegel ngentenine. Nuli niliki apa sebenere isi kandek kuh.

Nini-nini kaget, ngrasa dibebodho. Tiwas pegel jenguk-jentul njaga barang. Kang munie barang ajimat kang langka. Ari uwis mung daging-daging bae.

Saking mengkele, nini-nini gemreget. Dagine diuntai, kepangan. Kandeke dibalangaken kawur mengulon. Tempal tibane dadi Desa Kempek, kang maksude ya kandek.

Ora let suwe, Raden Saptarengga dadi wong wadon kang ayu pisan kah teka marani nini-nini. Perlu njukut kandeke. Nanging nini-nini kah kanda yen titipane wis langka, bonggan mbebedho, dagine dipangan, kandeke dibalangaken.

Ning kono critane Raden Saptarengga kaya disamber gledheg, mlongo blikruwan. Nangis, keduwung ning buri. Sebab ngrasa beli bisa dadi lanang maning.

Seteruse tempat panggonane nini-nini mau suwe-suwe diarani Desa Palimanan. Sing asale peli kang dipangan.

Nanging ana maning kaol sejene kang ngarani Palimanan mau sing tembung panggonane gajah, sewaktu masih dadi alas sing gede.

Akhire Raden Saptarengga tetep dadi Nyi Mas Ratu Gandasari lan manggon ning Desa Panguragan, lan semengko ngalami perang tandingan mbari Seh Magelung.

Nyi Mas Ratu Gandasari dikenal mendi-mendi minangka dadi sumbering atusan crita babad, kang perlune dadi perlambang.

Babad Nyi Mas Ratu Gandasari nurut kaol kiyen, ngupahi gambaran ning anak putu, yen wong kang doyan mbebedho iku pasti nyilakani awak dhewek lan wong kang takabur iku pasti nemoni kawirangan. Poma-poma ning para anak putu kabeh kang urip ning dunya aja sok wani mbebedho lan aja sok gelem takabur.

## **6. KELESTARIAN ALAM PERLU DIJAGA**

Nurut critane wong tua jaman bengien, yen ning sekubenge gunung Cireme iku, ana sing kuasa, yaiku Ula Lembu.

Ula Lembu mau sekti mandraguna, bisa gedhe nganti segunung anakana, bisa dadi cilik ngungkuli cilike cacing.

Ula Lembu kang kuasa ning sekubenge gunung Cireme mau ngupai penguripan ning menuusa sing ana ning daerah sekitare gunung mau, terus nganti tekan sepoge pesisir, arupa banyu.

Banyu pancen dadi sumber penguripane menuusa, marga asale kang gawe pangabutuhe menuusa iku awite teka sing banyu. Banyu diolah, kanggo masak, kanggo nginum, kanggo bebasuh, kanggo nyirami tanduran, kanggo mulasara iwak, malah banyu bisa Uga dijukut tenagane kanggo pembangkit tenaga listrik.

Seliyane banyu, Ula Lembu uga ngupahi pasir, watu kang pirang-pirang maceme kang gede manfaate kanggo nglaksanakan pembangunan.

Tapi, senajan Ula Lembu mau gelem bebantu ning menuusa, Ula lembu gan duwe penjalukan.

Penjaluke Ula Lembu kang kuasa ning sekubenge gunung Cireme mau nganti kewanti-wanti. Pesen ning sekabeh menuusa kang ana ning daerahe, utawa ning menuusa sing ana ning sekitare kali kang ana banyu mili sing gunung Cireme mau. Kiraa aja kumawani ngrusak lahan kang matek dadi rusake kelestarian alam.

Seumpama pesene Ula Lembu mau ana kang nglanggar, Ula Lembu ngupahi bebendu. Muntahaken amarah, ngamuk dadi banjir. Kang mbebayani.

Pesene Ula Lembu kang kaya mengkonon mau, dudu sih mblaweni ning menuusa njokoti barang kang diperlokaken sing ana ning kono. Tapi anggone njejukutan barang kang diperlokaken

iku kudu nganggo wates. Aja nganti jor-joran, mentingaken keperluane dhewek bae. Klalen ning segala-gala kang marahi gawe rusake lahan kang ana ning sekitare gunung mau.

Seteruse wong tua jaman bengien gen kanda yen, menuса iku ana bae kang jail. Kumawani nebangi kayu, kang ana ning pegunungan, senajan ngrasa dudu dheke dhewek. Watu, pasir diangkuti, bari beli mikir ning sepemburine. Ora ngerti yen, tindakane mau bisa dadi rusake tanah kang minangka dadi penguripan awake dhewek.

Baka wis mengkonon luh, Ula Lembu nuli murka. Banjire teka, ngeleb tanah panggonane menuса.

Malahan baka tindakane menuса kang ngrusak lahan kang ana ning sekitare gunung mau wis dipahi imbalan banjir. Tapi masih angger bae, Ula Lembu suwe-suwe ngejor kekarepane menuса, niteni bari ngingetaken. Engko baka wis lawas jamane luwih sing seket tahun. Banjire teka, gedhe pisan. Ngeleb ewonan hektar tanah sawah, nganti sawahe pada rusak. Ngeleb tembok, temboke bobol. Umah, kreteg pada ambruk. Wedus, kebo, sapi pada mati. Malah jiwae menuса uga ana kang dadi korban.

Nanging nurut ning kebiasaane, jarene kandhaadol bobad pawitan embuh, sanajan Ula Lembu mau nembe bae tes ngamuk, ngukum ning menuса kang ora ngerten ning kaanan uripe mau, Ula Lembu masih duwe welas asih ning menuса.

Krungu jeritane menuса sing nangisi anake kang kentir kegawa banyu, utawa nangis marga bapane mati, umahe ambruk, sawahe rusak bari sejene mau, Ula Lembu ora tegel. Nuli ngupahi persenan ning menuса. Menuса dipahi iwak kang gedene sekempol bari ula sanca kang dawane limang meter.

Iwak bari ula sanca mau kena dipangan. Beli nguwalati, kanggo kang doyan.

Tapi sing sapa-sapa kang olih iwak utawa ula sanca mau, jarene kandhaadol bobad pawitan embuh, lamunan diuculaken manginkah, dheweke pasti olih rejeki kang luwih gedhe.

Umume menuса, biasae baka ndeleng iwak, ya gage bae nyandak, terus dipincati. Sapa wonge kang gelem nguculaken, tentune ya langka. Marga iwak iku enak rasane.

Sedeng lamunan ndeleng ana ula, yen ora mlayu, tentune gage dipateni. Yongan ula tentune mbebayani.

Setemene dongengane wong tua mau, dudu sih mung ngweden-  
ngwedeni bocah cilik. Ambir aja adus-adusan ning kali. Tapi  
ngandung uga pitutur kanggo kabeh tumrape menuса, ambir awas  
bari waspada. Aja dumeh kuat, pintere mung ngrusak kelestariane  
alam. Marga kelestarian alam perlu dijaga bari dipulasara  
semestine.

Seliyane iku uga ngupahi pitutur, yen menuса urip kuh, baguse  
aja gemek-gemek gugup ndeleng rejeki, aja sok miris lamunan  
nemoni alangan.

## 7. KETEK PUTIH

Kocapa ning jaman bengien, ana iku Man Bagreg, penduduk desa Kedungdawa. Pegaweane dagang nukoni barang abetan, nuli diedol, mider-mider saben kampung.

Critane ning waktu iku, Man Bagreg kuh wis jamane rong wulan beli lunga dagang. Marga mikiri anake wadon siji kang aran Kastijem. Kastijem nembe bae umur telung tahun, wis ditinggal mati emboke. Bi Resmi, rabine Man Bagreg kang dadi emboke Kastijem, lagi bae let seminggu tes matang puluh dina.

Man Bagreg dhelag-dheleg, mandengi anake, pikirane keder. Arep ning umah bae, kepriben soal pekayane. Arep dagang nggawa anake, melas bokatan kepegelen. Ari ditinggal nuli dititipaken ning sapa. Mangka sedulur beli ana.

Suwe-suwe Man Bagreg, olih pititure uwong akeh. Man Bagreg dikongkon rabi maning. Tapi man Bagreg durung wani. Man Bagreg ngrasa melas ning anake yen dikwalonaken.

Sawise dipikir-pikir saben dina, dirasa sangsaya kerasa, Man Bagreg nuli nurut. Man Bagreg terus kawin bari Bi Ranti.

Dasar jodhone, milike Man Bagreg bagus. Man Bagreg olih rabi estune wadon sejati. Bi Ranti gelem open, ngormat tur bekti ning laki. Bi Ranti bisa dadi pedaringan, rejekie kumpul, beli bungbas.

Kastijem diopeni sing awit cilik, dieman, dianggep anake dhewek. Marga kesiji Bi Ranti ora duwe anak, kelorone Bi Ranti panceran kepengen umah-umah bener. Wani dhemen ning wong lanang kang duwe anak, kudu eman ning anake.

Bareng gedhe kumalawon-lawon, critane Kastijem wis wayah baleg.

Tapi anehe, bareng Kastijem wis rumangsa baleg, Kastijem beli anteng ning umah. Gawene nangga bae, ngrungokaken ojok-

ojokane uwong. Suwe-suwe bregudhal, dadi bocah kang wani ning wong tuwa.

Baka ning umah Kastijem keprag-keprug, bebanting segala rupa. Ulate prengat-prengut, napsune ning tenggok.

Bi Ranti runtik pikire, keder ndelengaken Kastijem kang prasasat anake dhewek, rubah tingkahe. Bi Ranti melas ndelenge. Tapi sewalike, Kastijem ndeleng Bi Ranti kaya ndeleng tembelek, Bi Ranti dianggepe musuh.

Lawas-lawas saking pegele Bi Ranti ndelengaken Kastijem, kang sejen bari sewaktu cilike. Cletok, Bi Ranti takon priben pasale, bisae Kastijem mengkonon. Tapi Kastijem ngrasa dudu atie. Nuli jengger nangis gegerotan, bari glosoran, kaya bocah cilik.

Kedadian mau nuli dicritaknang ning Man Bagreg lakine. Maksude ambir Man Bagreg mbantu melu nasehati anake. Tapi Man Bagreg angger bae masrahnang Kastijem ning rabine. Mung Man Bagreg sanajan uwong blesak, arane padu bae, tapi Man Bagreg kegolong wong kang wekel ibadah. Nuli bae Man Bagreg mituturi ning rabine, yen Gusti Allah bakal maringi ganjaran kang gedhe kanggo sawijining mbok kwalon kang sayang ning anak kwalone, bari gelem ndhidhik anak kwalone ambir dadi wong kang bener.

Tapi dhasare Kastijem, kaya dudu bawane dhewek. Saben diwarahi nantang. Masang-masang gawe mengkele ati, wani nglawan ning Bi Ranti kang sejane bagus, ngalokaken ning Kastijem yen adate ora bagus.

Sewijining dina Bi Ranti ditukari ning Kastijem, lantarane sepele, waktu mangan langka sambele. Kastijem ngamuk, mbantingi segala rupa, nganti nggepuk lemari. Tangisane gemlantang, tulung-tulungan. Nganti tangga teparone pada teka.

Ning waktu kuwen kebeneran Man Bagreg ana ning umah. Man Bagreg nembe weruh keanan anake kang kurang ajar mau. Man Bagreg mbeneraken Bi Ranti rabine. Kang salah ya pancen anake.

"Kastijem," jare Man Bagreg, mareki seja ngeneng-eneng, Kastijem sing lagi nangis.

Kastijem beli tambah meneng, malah tangise tambah seru, bari aleman.

Man Bagreg kemitenggengen ndeleng tingkahe anake mau. Man Bagreg nuli kelingan ning Bi Resmi, rabine kang wis mati. Prangsane Man Bagreg Bi Resmi ngadeg jejeg, sumurup ning awake, bari supata. Nyupatani Kastijem kang minangka dadi anak kandhunge, kang keterlaluan mau.

"Kastijem ... sirakuh lagi kumate apa? Tindak-tanduke kaya ... ketek," Cletus omongane Man Bagreg ning Kastijem anake.

Sakala iku, jleg, Kastijem rubah dadi Ketek putih.

Man Bagreg kaget, ngrasa getun. Omongane kang padu metu natali. Bi Ranti njerit, bari mandeng Man Bagreg, kaya wong sing arep nyalahnang ning Man Bagreg kang dadi lakine mau, teka tegel temen, nyupatani anake. Man Bagreg gemeter, terusngrangkul rabine bari tetangisan bareng.

Wong-wong pada ribut, "Kastijem dadi ketek putih ... Kastijem dadi ketek pulih," omongane semauran.

Kastijem karag-kirig, matae cililakan ndelengaken wulune kang mblegedeg ning sekujur badane. Nuli bari nguk-nguk, terus mlayu kekiraban.

Critane, Kastijem sing ngrasa dudu uwong maning, tapi beli bisa campur bari ketek sejene dadi ketriwal. Luntang-lantung sedawane wit-witan kang dadi cekelan uripe, tangise ngeresaken ati.

Ambles lakune Kastijem, manjing alas, metu sing alas, mung-gah gunung, mudhun gunung. Jurang rampe diudhuni. Nganti ning sawijining panggonan kang adoh elor, adoh kidul. Sumelap ning tengahing jurang. Ning kono Kastijem kaya nggetuni, tingkah lakune kang wani ning wong tuwane. Kastijem nuli tetapa, njaluk ampura ning Gusti Allah kang kuasa, ambiran bisa mulih dadi uwong, kaya maune.

Dingin pinasti, anyar penggalih, kersane Hyang Domapara, sawise patang tahun Kastijem tetapa, Gusti Allah Kang Kuasa seja maringi penjaluke Kastijem. Marga sedawane Kastijem tetapa, Kastijem ngrumangsa nggetuni ning salahe wani ning wong tuwa.

Sawijining bengi Kastijem prangsane ditekani ning Bi Resmi. Bi Resmi ngupahi pitutur yen sekabeh mau wis dadi kersane Kang Dumadi. Pulane yen dadi wong, aja sok adigang, adigung atanapi

adiguna. Prangsane pinter-pintera dhewek, prangsane paling kuat, ngrasa paling kuasa, utawa ngrasa paling sugih, nuli sekabeh uwong dipadhani. Iku tindakan kang salah. Benere kudu duwe budi pekerti luhur, sopan santun, ngerti ning tata krama, gelem ngormati ning wong tuwa. Tingkahe nurut, jujur, wekel, sabar, tawakal, bari gelem bekti ning sepedadha. Aja ngejor napsu, gelem ngrungu omongane uwong kang ora-ora. Sedheng lamunan bener uwis ngrasa nggetuni ning kesalahane, Bi Resmi kewanti-wanti njaluk ning Kastijem anake, kira aja gawe laku kang blesak kaya sing tes dilakoni. Eling tur kudu njaluk ampura ning wong tuwa kang ditatoni atine.

Sawise ngupahi pitutur mau Bi Resmi nuli ngandhani ning Kastijem, yen besuk Kastijem bisa mulih dadi uwong maning, lamun ana sinatria kang manah jajane. Seteruse nuli Bi Resmi ngilang, tanpa krana.

Kastijem nuli tumungkur nyembah, terus nutugaken sejane anggone tetapa. Nganti apa kang dipengeni bisa keturutan.

Bareng wis setahun maning, sawise Bi Resmi ngupahi pitutur ning Kastijem, ana iku sinatria sing kesasar ning jurang kono. Sinatria mau lagi nggedhag menjangan kang dadi buruane.

Waktu semono, prangsane sinatria, ning panggonane Kastijem tetapa ana menjangan. Sinatria mau nuli manah, cep ngenani menjangan mau.

"Aduh," jerite Kastijem, kapidhara.

Sinatria mau kaget, nuli gage marani ning Kastijem.

"Heh ... ana wanodya, sapa sliramu?" takone sinatria bari gage nulungi.

"Ampun, .... kula nyuwun tulung," jawab Kastijem kang ndadak eling. Kastijem ning kono katone tambah ayu. Cahyane sumorot kaya widadari.

Sinatria trengginas nyabut panahe kang nyasar ngenani kempunge Kastijem. Nuli diobati nganggo obat kang sengaja digawa piranti njaga diri, bokatan kenang tatu.

Sawise Kastijem bener-bener eling tur Jiang krasa larae, Kastijem nyritaknang lelakone dheweke ning sinatria mau.

Kang mangka sinatria mau sebenere putra Raja negeri Gran-

tungan. Sinatria mau krasa melas ndeleng Kastijem. Nuli bae Kastijem diboyong ning negerine, didadekaken garwane.

Bareng wis lawas kastijem dadi garwane putra Raja Grantungan, Kastijem njaluk ning lakine, kira bisa nekaaken Bi Ranti bari Man Bagreg kang minangka dadi mbok baparie.

Sawise keturutan, Kastijem kanti bisa ketemu Bi Ranti bari bapane, Kastijem ngrasa bungah, marga bisa njaluk ampura sekabeh dosane ning wong tuwane.

Semonoa uga Bi Ranti dari Man Bagreg, senenge ngudubilah, dhoane kang kepengen bisa ketemu anake bisa keturutan.

Seteruse Kastijem bisa urip seneng bebarengan bari mbok-bapane.

Dongengan kiyen ngupahi pitutur ning anak putu, besuk aja wani ning wong tuwa. Supatane wang atuwa wadon landhep. Sedheng pandongane wongtuwa lanang iku mandi. Bari yen besuk dadi wong tuwa aja gampang metu supata ning anak, bokatan nitisi, mengko kang getun ya awake dewek.

## **8. BARANG POSELEN KANGGO CONTOH**

Tan kocapa, nalikane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati kang minangka dadi pemimpine Wali sanga, masih nom-noman. Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati lelana ning negeri Cina. Perlu njajah praja milang kori, nambah pangaweruh, sinambi dagang.

Ning waktu semono, Rakyat negeri Cina nganti tekan Kaisare, wis padha ngerti, yen wong sing tanah Jawa iku biasae santik-santik. Digdaya langka tandhingane. Marga sedurunge wis akeh pendhekar Cina kang bisa mletik sedhuwure wung-wungan, bisa ngosod munggah tembok kang dhuwur mung bari tangane bae, tur pinter silat, tapine kasoran tandhing kesakten bari wong sing tanah Jawa.

Seliyane iku, waktu semono uga wis akeh wong sing tanah Jawa kang ngumbara ning negeri Cina, mung mbari modhal pangabisa. Gelem tetulung, nambani pirang-pirang macem lelara, mung mbari obat banyu putih kang didongani bae.

Pulane nalika Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati ana ning negeri Cina, Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati, diuja, diugung, diormati, tur diundang dadi tamu agung Kaisare.

Tapi dhasare wong Cina, sanajan ngakoni yen wong sing tanah Jawa iku akeh kang prawira, marga ora pati-pati gelem lelakon, ibarat ngoleti tapak kuntuling manglayang utawa luruh galihing kangkung, iku tentune sedurunge wis digembeleng lahir batin, tapine wong Cina sepenggedhene masih bae kurang percaya.

Ning waktu Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati, dadi tamu agunge Kaisar Cina. Kaisar Cina rembugan bari penggedhe-penggedhene, perlu nyoba paningale Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati.

Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati ditepangaken bari salah siji puterie, kang wetenge diblendhukaken, kaya wong meteng.

Nuli Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati, dikongkon mbadhek puteri Cina mau meteng atanapi belie.

Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati nuli godheg bari pikiran. Batine," Eh, isun dikongkon mbadhek puteri kang bledhuk wetenge iku, meteng belie, tentue ana margane. Pasti puteri mau beli meteng."

Tapi ing waktu semono Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati duwe akal. Kepengen bebalik nyoba ning Kaisar sepenggedhene. Sepira takabure seumpama jawabane salah.

Sawise dipikir-pikir, yen jawabane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati salah, tentune Kaisar sepenggedhene padha bungah. Nuli Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati njawab, yen puteri mau bener lagi meteng.

Cocog, bareng krungu jawabane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati kang kaya mau, Kaisar Cina sepenggedhene padha gemuyu ngatak-atak. Nuli kandha, yen jawabane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati iku ngawur. Kaisar Cina crita yen setemene putrine mau beli meteng. Sedheng bisae wetenge puterie mau blendhuk, marga ning wetenge diseseli bokor emas, digubed, ditutupi kemben.

Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati mesem, pura-pura ngalah. Atine puas, sawetara bisa gawe senenge Kaisar Cina sepenggedhene.

Nanging bareng let rong wulan, Kaisar mau kaget, bareng krungu laporan yen puterine mau nyata meteng.

Kaisar Cina nuli gage bae ngutus punggawae kongkon nggoleti Gusti Sinuwun Sunan Cirebon, nganti kudu ketemu.

Gusti Sinuwun Sunan Cirebon diundang ngadhep Kaisar Cina mung perlu dikongkon nyakseni puteri Kaisar Cina kang lagi meteng mau arep ditugel janggane, marga meteng beli duwe laki.

Ning kono Gusti Sinuwun Sunan Cirebon mbedharaken, yen puteri Kaisar mau beli duwe salah. Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati crita, yen puteri mau mung dadi lantaran. Wong tuwa kang gawe kawitan, anak kang derma nglakoni. Wong tuwa kang beli bener, bisa gawe kesusahane anake.

Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati nuli nerangaken, yen kang

salah dudu puterie, tapi Kaisar sepenggedhene. Bonggan gelem mupakat laku blesak, dedipitan, ndhingini kersane Gusti Allah. Seumpama pepesthen kang tumeka, sebenere beli kena digawe cuwa.

Sedurunge Puteri Kaisar Cina mau njalani ukuman ditugel gulue, Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati njaluk ning Kaisar Cina, kiraa bisa ngapura puterine kang beli duwe salah mau. Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati sanggup mulasarae minangka dadi garwane.

Krungu penjaluke Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati mau, sanajan Kaisar sepenggedhene ngrasa kalah, tapi bungah. Marga Kaisar Cina bakal duwe mantu wong kang santik tur prawira.

Penjaluke Gusti Sunan Gunung Jati dituruti, nuli didhaupaken bari puterine. Seteruse puteri Cina mau nuli diboyong, digawa ning tanah Cirebon.

Bareng wis tahunan lawase, Kaisar Cina mau kelingan ning puterine kang dipundhut garwa ning Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati. Nuli ngutus para punggawae, dikongkon ngulatulati puterine mau, bari nggawa hadiah barang, rong kapal akehe.

Tekan ning tanah Cirebon, punggawa kang dikongkon ngulatulati puterine Kaisar Cina mau nuli matur ning Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati.

"Gusti, sampun dados rengating galih, kula kumawantun rawuh ning ngarsaning Kanjeng Gusti," ature punggawa Cina.

"Kula namung derma diutus Kaisar negeri kula. Dikengken ngawat-awati puterinipun."

"Ketrima bagya punggawa," Sabda Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati. "Kaya dene apa kang katon dening sira, gusti puterinira ya beli kurang sawiji apa."

"Leres pangandika Gusti," ature punggawa Cina.

"Apa bener tah Rayi, sliramu betah krasan ning tanah Cirebon kene," sabdane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati ning garwane sing puteri negeri Cina.

"Leres dhawuh keng Raka, sareng mugi Raka kersa ngaturaken sembah pangabaktos kula dhumateng keng Rama," ature garwane.

'.Lah, mengkonon punggawa," sabdane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati ning para punggawa negeri Cina." Samengko lamun sira wis balik ning negerinira, aturna sembah baktinisun sekeluarga iki."

"Sandika Gusti," ature punggawa negeri Cina." Kula rumaos bingah sanget."

"Mengko critaknang kang sebenere," sabda Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati maning.

"Sandika Gusti," ature punggawa Cina." Sanesing mekaten, kula rawuh sareng bekta barang hadiah Kaisar kangge Kanjeng Gusti, ingkang katahipun wonten kalih kapal Gusti."

"Akeh temen, apa isine Punggawa?" sabda Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati takon.

"Ernas, inten, berlian, raja brana sareng barang-barang ingkang kedamel saking poselen Gusti," ature punggawa, njawab pitakone Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati.

"Hem, punggawa," sabdane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati.

"Kados pundi dhawuh Gusti," ature punggawa negeri Cina.

"Barang-barang kang digawe sing poselen ketrima kanti bungahing ati, marga ning negeri kene pancen durung ana. Iku, pratandha sepira gedhene rasa sih keng Rama Kaisar negeri Cina," sabda Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati. "Mung, emas, inten, berlian mbari raja brana sejene isun beli sanggup nrima."

"Ampun Gusti, samangke kepripun, manawi mboten ketampi kula sedaya bakal dipejahi Gusti," ature punggawa negeri Cina.

"Lah, kang mengkonon iku ya sekarepira. Tapi isun uga tetep ora bisa nrima barang kang wis tek sebutaken mau. Marga emas, inten, berlian, lan raja brana, ning tanah Jawa kene akeh," sabda Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati, negesaken.

Gelising crita, sedurunge para punggawa negeri Cina mau balik ning negerine, saking pintere para punggawa mau, barang kang arupa, emas, inten, berlian bari raja brana kependem ning pancake gunung Jati, separeke Gua Topong. Marga para punggawa Cina mau pada watir, yen barang mau digawa balik maning pasti bakal diukum pati.

Sedheng barang-barang poseLEN, hadiah Kaisar negeri Cina mau nuli dijukut seperlUNE. Sejene dipasang baris, dijejeraken ning bangunan tembok Istana kerajaan, bari ning tempat-tempat kang rame. PerlUNE barang poseLEN kanggo contoh mau ambiran bisa ditiru ning Rakyat sakawula baiane, nganti bisa gawe dheweK. Ambiran lamun memangan, nganggo wadhad kang pantes. Selawase beli nganggo godong jati bae. Rakyat negeri Cirebon dikongkon ngamati piring poseLEN, mangkok poseLEN, pisin poseLEN, ambir bisa mbudi daya, bisa ngakal dewek.

Seleyane iku crita iki nggamaraken, yen besuk lamunan dadi wong tuwa, gawea laku kang bener, marga tindak lakune wong tuwa seringe bisa nitis ning anake.

## **9. PULANE JARAN DIKOMBONG**

Dhaerah Cirebon, jare kandhane wong, jaman bengiene iku sawijining alas gedhe, gung aliwung-liwung. Genae satoan. Satoan cilik nganti tekan satoan kang gedhe-gedhe ana kabeh.

Nurut sijining kaol, satoan kang paling kuat sing ana ning alas mau yaiku Jaran.

Jaran, jaman bengien jarene duwe kesakten. Bisa mabur ning awang-awang, bisa mendem tur bisa ngambah seduwure segara. Tenagane rosa ngungkuli tenagane gajah. Playune santer prasasat angin.

Kabeh satoan kang ana ning alas mau, kaya dene Macan, singa, buaya, gajah, bedhul, sapi, kebo barí sejene. Kalah kabeh, kenang jaran.

Sedina-dinane, langka maning kang dicebak ning jaran, mung luruh musuh kang tangguh. Kanggo tandingan ngadu kesektene.

Nanging kabeh satoan langka sing wani, pada umpetan kewadien.

Nganti saking langka tandhingane jaran sering gemuyu, "Hiieee, ... hiieee, ... hiieee," cengengesan. Mbari sikile gegedhog ning lemah. Lamun ngomong kah, "Ayo, sapa lawan."

Tingkahe jaran nuli nyombong, ngrasa dadi jagoan. Saben tetemu barí satoan sejene terus ditendhang.

Kocapa, suwe-suwe jaran mau ngrungu, caturing kandha. Yen kesektene jaran mau lamun ditanding barí menusa, kalah bet. Sebab menusa luwih pinter tinimbang jaran.

Krungu omongan kang kaya mengkonon mau, jaran kemengkelen. Terus bae jaran mau lunga mendi-mendi, nggoleti menusa.

Jaran mabur sedhuwure langit kang ke pitu, nuli mendhem

tekan lak-lake bumi, gledhah dhasare segara. Tapi menuusa kang digoleti beli ketemu.

Critane, ning pategalan, dhaerah selore gunung Cireme ana iku Man Jalma. Man jalma lagi ndhodhok ning galengan, mandhengi tandurane.

Tandurane kang dipulasara kepati-pati, nganti jare basa ngetokaken kringet sebokor bokor, anggone nebal, nanduri ngrabuti sukete, wis katon ngrampyak, arep metu uwohe.

Rikala iku wayah sore, srengenge arep surup. Jagat remeng-remeng, disoroti cahyane srengenge kang sumancar.

Man Jalma krasa nikmat, ayem tentrem, anggone urip. Klalen ning sekabeh kesusahan kang lagi ditandang. Sanajan kaanan ning umah ruwed nyengnyeng, akeh keperluan kang kudu diatasi, atine Man Jalma gedhe, ngungkuli gedhene gunung.

Pancene ning waktu iku nikmate wong tetanen. Kaya-kaya langka kang madhani, kesenengane atine wong tani, sewaktu nyawang tandurane kang lagi dadi mau. Komo lamunan semengko tandurane kasil. Ning belie gen masih krasa bungah.

Lagi enak-enake Man Jalma kesengsem ning tandurane, bedenges, ana tekane jaran. Man Jalma beli bisa mlayu. Pikiran, priben akale anggone ngadhepi jaran mau.

"Heh, aja mlayu," jare jaran.

Man Jalma kamitenggenge'n.

"Sampeyan sapa?" takone Jaran ning man Jalma.

"Abdi," jawabe Man Jalma.

"Lah Abdi," jare jaran maning. "Dudu, Abdi kuh weruh beli ning menuusa."

Man Jalma meneng, beli bisa sumaur. Atine sangsaya dhegdhegan.

"Aja meneng bae," jare jaran maning. "Kepengen tek pecut karo buntut isun tah."

"Sabar rumiyin," jare Man Jalma "Sampeyan ngilari menuusa bade perlu punapa."

"Wadhah, rewel temen. Isun ora pati-pati nggoleti menuusa ya ana perlu." jawabe jaran judes.

"Inggih, sumerep badhe perlu, namung keperluan punapa,"

Man Jalma takon bari ngulur waktu. "Keperluan kan kathah."

"Hem," jaran nggetem. "Arep tek ajak ngadu kesakten."

"Ladalah," jare Man Jalma gugup.

"Ana apa," jaran melu kaget bari takon ning Man Jalma.

"Apa Abdi wis weruh tah ning menuusa kuh?"

"Sampun," jawab Man Jalma, bari luruh akal, kira bisa ngayoni jaran mau, lamun jaran maksa njaluk adu kesekten.

"Bagus," jare Jaran. "Dodoknang, ning endi genahe."

"Mangga," jawab Man Jalma, sawise ketemu ning akal.

"Marani mendi?" Jaran takon.

"Mangke rumiyin, sabar. Genahipun tebih saking ngriki. Kepripun cara? Sampeyan saged mlajeng santer. Tapi kula mboten saged mlajeng kados sampeyan. Mengkine kulae ketriwali-triwal.

"Numpak ning gigirisun," jawab Jaran.

"Hii, hii ... Ari meketensih mengkine kulae saged mampus. Margi keentrog-entrog," jare Man Jalma bari gemuyu.

"Ya bener," jare Jaran. "Nuli kepriben akale."

"Meketen," jawab Man Jalma beli tutug. Rada mangmang, mbokatan jarane beli gelem.

"Kepriben?" Jaran takon maning beli sabar.

"Sampeyan kula kencang cungure ngangge suket wlingi, minangka kangge jaganan kula. Sareng buntute kula kethok, supados mboten nyeprok, nyabeti kula," jare Man Jalma nerangaken siasate. "Kepripun purun mboten."

"Ya bener, bagus," jawabe Jaran ngalem ning Man Jalma.

Nuli bae Man Jalma ngencang cungure jaran mau, ambir jarane bisa dielesi. Terus ngethoki buntute.

"Sanes mekaten," jare Man Jalma sawise pragat. "Mengkine lamun sampeyan kalah tandhingipun. Sampeyan bade kepripun?"

"Gampang, isun arep ngawula ning menuusa," jawab Jaran.

"Leres tah mengkine," Man Jalma takon negesaken.

"Masa mbebedhoa," jawabe Jaran.

"Kula nyakseni," jare Man Jalma, nuli gage numpak ning gigire Jalan.

"Mlajeng mengetan," jare Man Jalma ngatur jaran.

Jaran nuli mlayu banter, amblas mengetan. Bareng tekan, pog-poge jaba wetan, menusa langka. Jaran dikongkon mlayu mengidul. Tekan ning jaba kidul, menusa gen langka. Mengulon. Seteruse ngalor, ngedul, ngetan ngulon, ana bae alesane Man Jalma kanggo mbebedho jaran ambirin jarane gelem mlayu.

Bareng wis suwe jaran lumayu, nanjak gunung, mudhun gunung, ngambah rawa manjing alas. Tekan ning tanjakan Rajagaluh kelempohen. Ambekane kemrengos, kringete jrojos kaya wong sing nembe bae adus, cangkeme mrupus metu untuke. Jaran nuli ambruk kelempohen, beli bisa apa-apa.

Man Jalma narik elese sekencenge, bari sesumbar, ngongkon jarane mlayu terus.

Jaran beli bisa budi, tambah ngrengkiyek.

"Ran, Jaran," jare Man Jalma. "Ayo, mlayu terus ikah menusae."

Jaran mung bisa kethap-kethip matae. Ambekane ngos-ngosan.

"Ran Jaran," jare Man Jalma maning ngundang jaran.

"Nun," jawabe Jaran. "Ana apa?"

"Kawruhana ning Sira, menusa sing digoleti adoh-adoh, iku ... ya isun kang diarani menusa," jare Man Jalma.

Ning kono jaran kaget. Arep njlola. Tapi Man Jalma narik elese kenceng-kenceng. Nganti jarane ngrengkiyek maning.

"Ayo budia," jare Man Jalma sesumbar ning jaran kongkon rnbudi daya.

"Ampun." jare Jaran ngrasa kalah.

"Nah, kepriben janjinira, arep ditepati beli. Elinga yen janji iku ibarate utang, kudu dibayar. Baka dipungkiri, bakal dibendoni ning Kang Kuasa," jare Man Jalma maning.

Seteruse jaran mau nurut, apa ujare Man Jalma. Tapi duwe penjalukan, semengko anggone mulasara beli kena dilarawora. Semona uga Man Jalma. Man Jalma nyanggupi penjaluke jaran mau.

Jarane digaweknang umah, minangka gedhogane. Pangane diati-ati beli serampangan. Sukete dikacip, diketoki dipit, nuli dicampur dhedhek lembut bari banyu. Arane dikombong.

Sewalike, jaran uga males bebudene menusa mau. Kaligane Man Jalma rejekie tambah akeh. Marga anae jaran.

Pancene ya mengkonon, yen rumawat ingon-ingon beli kena padu bae. Sing sapa-sapa wonge kang gelem rumawat ingon-ingone kang minangka dadi ternake, bari temen tinemenan. Ter-nake bakal paring rejeki kang luwih akeh.

## 10. LAMBANG PERSATUANE KAUM AGAMA

Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati, anggenipun mrintah negeri, agung ing baksana, adil palamarta. Ndadosaken negeri makmur, sentosa. Kesohor teng pundi-pundi.

Sanesing mekaten, Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati ugi kegolong ulami ageng, minangka dados pimpinane wali sanga. Ingkang ageng jasanipun tumrap siaring agami Islam teng tanah Jawi utawi teng Nusantara sanesipun.

Anggenipun nyiaraken agami Islam punika, Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati, langkung merlokaken rasa persatuan. Antawisipun para penganut agami, kedah sami bersatu ngrojong pembangunan negeri.

Ingkang mekaten punika, kaulas wonten ing pakecapanipun para sepuh jaman rumiyin, kaserat ngangge aksara Arab, wonten teng salah satunggaling kitab.

Criosipun, "Kabeh bae, wong kang urip ning alam dunya iki, poma-poma, aja sok itang itung tai lutung, pagudreg urusan agama. Agama kudu den agungaken. Marga kawruhana ning sira, yen satemene agama kang asale saking Kuasane Gusti Allah iku, beli adoh kaceke, beda syarekat bari istilahe bae. Pulane samengko lamun sira nganut agama, utamakna anggönira netepi agamanira, kanti ati kang mantep, gelem njalanang ibadah agama bener-bener. Aja nganti kesasar ning dalan kang salah. Setuhune wong urip ning alam dunya iku kudu brayan, bantu-bebantu, anggone nggoleti sejahteraning urip. Poma aja sok gelem mado, utawa ngecening sepedada. Apa maning gelem pagudreg rebutan harta, tahta, wanita, bari kedok agama. Marga agama iku kudu den luguni. Kena sira pagudreg parosa-rosa gawe prakarsa, mbangun upaya, luruh kemulyaane urip. Gawe persatuan. Sana-jana pisan, bari para penganut agama liyan."

Pakecapan punika, kaantepaken wonten teng satunggaling pretelan babad Cirebon punika.

Kocapa, Buyut Baba iku salah sijine pendhekar negeri Cina sing lelana ning tanah Cirebon.

Buyut Baba nuli ngrasa betah krasan, terus njaluk pangayomane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati.

Seteruse Buyut Baba nuli kadepokaken ning daerah Jamblang. Buyut Baba den idini anggone ngantepi agamane dhewek. Yaiku agama Budha.

Kaya dene pendhekar Cina sejene, Buyut Baba uga kelebu sawijining pendhekar kang akeh ilmune. Malah jare basa, ilmune Buyut Baba iku sepapak mbari penggedhe-penggedhe negeri Cirebon.

Ana dene kesaktene Buyut Baba iku keceluk pinter mlaku sedhuwure banyu, bisa ngangsu nganggo kranjang tur tenagae rosa.

Pulane, marga kesektene Buyut Baba mau, rikala Gusti Sinuwun Sunan Cirebon mbangun Mesjid Agung Cirebon, kang kudu pragat, sejerone sewengi, Buyut Baba melu diundang. Perlu dikonyakseni bari bebantu sebisa-bisa.

Nalika Buyut Baba wis ana ning sekitare bangunan Mesjid Agung Cirebon mau, Buyut Baba ketarik ning seglondhong kayu.

Buyut Baba nuli matur ning Gusti Sinuwun Sunan Cirebon, yen dheweke merlokang kayu mau. Perlu kanggo gawe suwunan kelentenge kang arep dibangun, minangka pangayoman.

Keperluane Buyut Baba kang merlokaken kayu mau dening Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati diidini. Tapi Buyut Baba beli terus nggawa kayu mau. Nganti para penggedhe Cirebon beli weruh ning persoalan kayu mau.

Anadene Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati anggone ngidini Buyut Baba nggawa kayu mau, perlune nggambarkeren ning para kawulae, yen rasa persatuan antarane para penganut agama iku kudu diantepi.

Sayange sedurunge Mesjid Agung Cirebon mau dadi, Buyut Baba wis balik bari nggawa kayu mau. Nganti beli weruh, yen saka Mesjid Agung mau kurang siji, sedheng kayu ilang siji.

Para penggedhe Cirebon nuli nggoleti kayu mau mubes-mubes beli ketemu. Dhet, para penggedhe Cirebon mau padha kelingan, yen kayu iku maune diiker-iker ning Buyut Baba. Para penggedhe Cirebon nyangka, yen kayu mau pasti dicolong ning Buyut Baba.

Akhire para penggedhe Cirebon nibaknang supata ning Buyut Baba, yen besuk kesektene Buyut Baba bisa ilang. Lamun pinter mlaku ning banyu, bakal pupus kenang banyu.

Seteruse para penggedhe Cirebon gawe akal, numpuk tatal kayu digawe saka. Kang kuate beli kalah tinimbang saka sejene.

Saka mau seteruse dadi lambangpersatuane kaum agama. Ambir gelem bersatu. Marga saumpama kabeh kawula padha bersatu mbangun karaharjaane Negara, Negara bakal sentosa.

Kacarita, Buyut Baba kang nggawa kayu mau bener-bener digawe suwunane kelentenge ning Jamblang.

Sawise dadi nuli Buyut Baba sowan ning ngarsane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati, bari nyritaknang, yen kayune wis digawe suwunan kelentenge.

Ning kono Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati ngandhani, yen Buyut Baba kudu ngati-ati. Marga kenang supata, nalika nggawa kayu slimpetan kaya wong nyolong.

Supatane para penggedhe Cirebon mau natali. Nalika kali Jamblang banjir, buyut Baba kang biasane bisa naklukaken banjir mau, ndadak keuntal dening iliring banyu.

Sedurunge pupus, Buyut Baba pesen ning anak putune. Poma-poma, lamun kali Jamblang banjir, beli kena kumawani nyebrang utawa mareki kali mau. Marga banjir kang katone kaya sumemplake banyu iku beli mung isi banyu bae. Iliring banjir gen ana kang ngandhung barang sejene. Arupa wadhas, watu kang gedhe-gedhe, utawa barang katutan iliring banyu. Poma-poma aja kegembang ning glondhongan kayu kang kentir. Marga kenang seglondhong kayu bae Buyut olih bebendu.

Tapi dakate mengkonon, atine Buyut Baba ngrasa puas, ikhlas ridho dadi korban. Marga apa artine kayu kang mung seglon-dhong ning waktu alas gedhe masih akeh.

Kayu seglondhong mau kang bisa ngwujudaken anae lambang persatuan, kang kegawe dening para penggedhe Cirebon. Marga

mokal lambang persatuan mau bisa ana, lamun kayune beli kurang.

Seliyane iku, Buyut Baba gen wangkid ning para penganut agamae, dikongkon padha gelem rumojong gawe persatuan mbangun Negara. Marga mung kenang jiwa persatuan, sawijining Negara bisa kuat tur sejahtera.

## 11. KAYA AYAM REBUTAN PANGAN

Ning desa Kejowan, kala waktu jaman bengien, ana iku Man Tarkim. Man Tarkim duwe anak telu. Sing pembarep lanang aran Man Darmin, sing penengah wadon aran Bi Suti, kang pembuncing lanang maning, diarani Man Marta.

Ketelu anake Man Tarkim mau wis padha umah-umah. Man Darwin kawin bari Bi Karti, urip ning desa Semplo. Kang wadon wis duwe laki bari Man Dullah, umah-umah ning desa Situnggak. Sedheng Man Marta nembe bae kawinan bari Bi Muna ning desa Kambangan.

Kanggo sangu uripe, kabeh anake Man Tarkim mau wis dibandha kayani. Man Tarkim wis ngupahi modhal, sawah, umah, kebo bari sapi ning ketelu anake mau.

Tapi dakate semono, yongan Man Tarkim mau keceluk sugih. Pekayane masih akeh kang durung dibagiaken ning anake. Sawae" masih ana liming hektar, tanah pekarangane masih amba, kebo sapie uga masih akeh.

Suwe-suwe, marga Man Tarkim mau wis beli duwe rabi, Man Tarkim kepengen mbagiaken kesugihane sing masih ana iku ning anak-anake.

Man Tarkim nuli ngundang ketelu anake mau. Terus bandha pekayane dibagiaken, nganti entong gemet. Sedheng Man Tarkim arep melu nunut urip ning anak-anake mau.

Semingu Man Tarkim melu ning anake kang pembarep, terus ngalih ning anake kang wadon. Mengkonon selawase Man Tarkim melu urip, bolak-balik ning anak-anake mau.

Awite pancen krasa enak. Kabeh anake pada eman. Tapi bareng uripe Man Tarkim kang kaya mengkonon mau ngambah tahunan, Man Tarkim suwe-suwe ngrasa blenak. Melu ning anake kang pembarep ngrasa blenak ning mantune kang wadon. Melu ning

anake kang wadon ya pada bae. Sedina-dinane ana bae tindak lakune mantu bari anake kang gawe lara ning atine Man Tarkim.

Man Tarkim nuli mbudi daya, gawe gubug, nunut ning pekarangane wong. Urip dheweke, ngadhang sihe wong-wong kang padha melas ning dheweke.

Ketelu anake Man Tarkim padha klalen. Prangsane Man Darmin, tentune bapane baka beli ning Bi Suti ya ning Man Marta adhine. Jare Bi Suti, bapane beli marek-marek kuh rupane ning Man Darmin utawa ning Man Marta. Semona uga jare Man Marta, bapane tentu ana ning anak sejene.

Man Tarkim kang maune sugih blabadunya dadi urip kengelan. Sumelap kaya sujen, nempel ning wong liyan. Kadhang-kadhang beli mangan, marga langka kang dipangan.

Keanan uripe Man Tarkim mau, saya lawas ditanggoni ning Kiyai Mustopa, guru ngaji kang santik.

Kiyai Mustopa kenal bari Man Tarkim, marga anak-anake Man Tarkim lagi cilike kabeh pada ngaji ning dheweke.

Kiyai Mustopa ngrasa melas ndeleng Man Tarkim kang urip kaya mengkonon mau. Nuli kandha ning Man Tarkim, yen dheweke arep marani ning anak-anake Man Tarkim, ambir anak-anake Man Tarkim mau padha keligan ning bapane.

Seliyane iku Kiyai Mustopa gen ngongkon Man Tarkim mbuntel watu kang gedhene sebeton nangka, akehe selawe iji. Buntelane dikongkon dijahit, ambir kuat tur beli gampang udhar.

Sawise mengkonon iku, Kiyai Mustopa nuli sanja, marani ketelu anake Man Tarkim.

Ning anak-anake Man Tarkim ngandhaknang keanan Man Tarkim kang lagi sengsara uripe.

Anak-anake padha kaget. Tapi ngrasa beli bisa apa-apa. Pengrasane anake, bapane beli gelem melu ning dheweke, bokat wis beli seneng ning anake.

Tapi bareng Kiyai Mustopa kandha, yen sanajana Man Tarkim gelem urip sengsara mau, senyatane masih duwe emas selawe glondhong.

Jarene Kiyai Mustopa, yen emase Man Tarkim mau mengkoe arep dienaknang ning anake kang ngebakti ning wong tuwane.

Krungu kandhane Kiyai Mustopa mau, ketelu anake Man Tarkim kah gage bae nggoleti bapane, mbari nyataknang bener belie buntelan emase bapane kang masih ana.

Bareng ketelu anak-anake Man Tarkim wis weruh kabeh, yen ning kamere bapane ana buntelan barang glunukan, nuli bae anake Man Tarkim mau padha paeman-eman ning bapane.

Sedina-dinane nuli ana bae kirimane anake Man Tarkim kang teka ning Man Tarkim. Kirimane pabagus-bagus, tur paenakenak. Nganti teka ning kepatiane Man Tarkim.

Bareng Man Tarkim mati, anake Man Tarkim kah gage bae rebutan buntelan kang prangsane isi emas mau.

Jare Man Darmin, buntelan mau hake, marga dheweke anak kang pembarep.

Jare Bi Suti, beli bisa, marga Bi Suti anake kang paling dieman tur anak wadon kang mung siji-sijie.

Jare Man Marta, buntelan mau ya hake Man Marta, marga Man Marta anake Man Tarkim kang paling pembuncing.

Ketelu anake Man Tarkim mau pagudreg, urusan, rebutan buntelan. Klalen, yen waktu semono lagi akeh wong kang padha teka, perlu ngurusi layone Man Tarkim.

Ndeleng ketelu anake Man Tarkim kang padha rame gudreg urusan buntelan mau, wong-wong padha melu misah. Tapi langka kang bisa, misah. Kabeh kwalahan, marga ketelu anake Man Tarkim mau padha ngotot-ngototan anggone urusan mbelani hake dhewek-dhewek.

Keanan tambah ruwet, wong-wong padha melu keder. Keperluan ngurus layone Man Tarkim, katone bangkar.

Ketelu anake Man Tarkim mau langka sing gelem ngalah, malah tambah parosa-rosa anggone urusan. Nganti Man Darmin arepan gulet bari Man Marta adhine.

Kelakuane ketelu anake Man Tarkim mau ndadeknang mengkele atine Kiyai Mustopa. Kiyai Mustopa ngrasa duwe murid kang nguciwani. Kiyai Mustopa nuli nyupatani ning muride kang beli nuruti ning apa ujare ajarane.

"Hem, Man Darmin, Man Marta, Bi Suti. Siraluh lagi kumate apa. Tindakanira ngaudhubilahi mindhalik. Beli pantes dilakoni.

Maling-malingane, lagi cilikira sering keselapan daging ayam. Tindakanira ... kaya ayam rebutan pangan," ujar supatane Kiyai Mustopa.

Jleg, sakala iku ketelu anake Man Tarkim mau rubah dadi ayam. Ceceker ning blumbang, rebutan pangan, bari pepecohan.

Dongengan iki, ngupahi gambaran, yen sapa wonge sing klalen ning purwa daksina, bakal olih bebendune Gusti Allah Kang Kuasa. Pulane wong urip iku kudu bisa males bebudine wong tuwa bari gurue. Kanti gelem nglakoni laku kang bener.

## 12. RADEN GARUT

Kaanan Rakyat daerah kerajaan Cirebon, kala waktu Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati mrentah negerie, kabeh pancen bisa urip tentrem. Aman anggone usaha, mbari katon ayem anggone nglakoni ibadah. Rakyat Cirebon beli diaru — beda, kabeh dianggep dadi kawulane.

Mengkonona uga kaanan Rakyat daerah sejene, ning sekubeng Jawa Barat iki. Rakyate bebas sesrawungan, gawe karaharjaning negari. Sanajana ning waktu semono nyata, anae agama nambah. Tapi antarane para penganut agama mau, pada rukun anggone nglabuhi agamane dhewek-dhewek.

Tan kocapa ning waktu iku, Raden Garut, putera Raja sing kerajaan Galuh, lagi nincak dewasa. Kabeh ilmune para sepuh kerajaan mau wis diajaraken ning Raden Garut. Nganti Raden Garut dadi sewijining perjaka kang kebek ilmu, luwes, pantes, pideksa anggone tumindak. Rupane bagus, bebudine luhur, tur disenengi ning kabeh rakyat kerajaan mau.

Miturut adat biasane, yen ana putera Raja utawa putera bangsawan kerajaan kang wis tamat anggone ngudi kemukten ning sejerone negeri, Raden Garut kudu gelem nglakoni samara. Ngubengi jagat, nambah pangaweruh. Perlune ngandelaken imane, ambiran beli bakal mancla-mencle ning semangsa duwe tanggung jawab.

Mengkonona uga Raden Garut. Raden Garut nurut nglakoni wangkide wangatuwa kerajaan mau, nuli mangkat ninggalaken negerine. Lakune amblas marani kerajaan Cirebon, terus njujug pusat kerajaane. Kang lagi semono pada pesta ngrayaaken muludan. Perlune arep nyoba geguru mblajari tata keuripane wong Cirebon, sinambi nonton muludan.

Sewaktu Raden Garut mau ndeleng rame-rame pesta muludan, Raden Garut kesengsem atine, dening wanodya kang katon ayu rupane.

Anadene wanodya mau aran Dewi Pelita Sari, puteri bangsawan kerajaan Cirebon.

Raden Garut nuli ngakal, luruh cara kira bisa kenalan bari wanodya mau.

Suwe-suwe anggone Raden Garut kepengen tepungan bari Dewi Pelita Sari mau kesumbadan. Marga Dewi Pelita Sari uga ning waktu semono, kaya kesedhot atine, ngrasa kepengen ngenali Raden Garut.

Bareng wis padha kenal, Dewi Pelita Sari ngajak Raden Garut manjing ning kebon pemungkuran istana kerajaan Cirebon.

Ana ning kebon pemungkuran mau Dewi Pelita Sari bari Raden Garut nerusaken anggone ngobrol seenake. Nganti Raden Garut ngaweruhu, yen senyatane Dewi Pelita Sari lagi runtik pikire. Marga beli cocog bari penggalihe ramane.

Ramane Dewi Pelita Sari macangaken dheweke kalagan Raden Baya, putera bangsawan kerajaan" Demak.

Lagi enak-enake Raden Garut kalawan Dewi Pelita Sari madu asih ana ning kebon pemungkuran mau, jebol kepregok bari Raden Baya kang lagi kemlebek nggoleti Dewi Pelita Sari, pacangane.

Raden Baya ngrasa dudu atine, napsu beli kejagan. Matae bringasan ndeleng pancangane sesrawungan bari jaka liyan. Dene Dewi Pelita sari kaget, terus nubruk Raden Garut, njaluk pengayornane.

Raden Garut bari Raden Baya nuli pada gudreg, terus jogol ngadu kesekten.

Tapi Raden Garut pancen dudu tandingane Raden Baya. Kabeh serangane Raden Baya bisa diinggati. Nganti suwe-suwe Raden Baya kontal tiba ngrengkiyek.

Raden Baya tambah napsu, nuli ngunus wangkingane, kecublesaken ning jajane Raden Garut. Tapi ketangkis, nuli direbut, terus kerise Raden Baya mau ditugel-tugel.

Raden Baya kasoran, keplayu, terus atur tiwas marang para penggedhen kerajaan Cirebon.

Krungu ature Raden Baya mau, para penggedhen kerajaan nuli padha njujug ning kebon pemungkuran istana kerajaan.

Raden Garut nuli dikrubit, nganti tatù. Terus balik atur priksa ning ramane.

Bareng ramane Raden Garut bari sekabeh para penggedhen kerajaan Galuh ngrungu ature Raden Garut mau ngrasa lara aline. Mengkel ndeleng tatune Raden Garut, kang dikrubit ning para penggedhen Cirebon. Rumangsa anae kerajaan Galuh beli diregani ning wong-wong Cirebon.

Nuli bae, sekabeh wadya baa kerajaan Galuh disiapaken, kanggo nglurug kerajaan Cirebon.

Ning kono para gegeghen, para dhedhemit sing dhaerah Penjalu, pada melu bela. Mbelani Gustine, yaiku Raja Galuh kang sinembah.

Tanah Cirebon ketekan musuh. Geger swarane wadya bala, gumentus swarane tumbak bari tameng. Ning tanah Cirebon ana perang gedhean.

Anae perang tandhing para wadya bala kerajaan Cirebon kalagan wadya bala sing kerajaan Galuh mau ndadekaken pupus yudane Raden Garut, ana ning pangkone Dewi Pelita Sari. Dewi Pelita Sari nuli sinuduk jangga, nganti tiwas bebaregan bari Raden Garut.

Ning kono Raden Garut bari Dewi Pelita Sari, kanti sukma kang suci balik ning ngarsane Kang Kuasa, nuju alam kelanggengan.

Raden Garut kalagan Dewi Pelita Sari beli weruh, yen perang kang asale kedaden kenang rasa tresnaning atine wong loro mau besuk dadi perang kang luwih gedhe, antarane para penganut agama Islam kalawan apra penganut agama Hindu/Budha. Kang ngatutaken sekabeh penggedhen se-Jawa Barat.

Para Penggedhen se-Jawa Barat padha maju, melu perang ngadu kesekten, mbelani agamane.

Anae perang kang asale rebut wanodya mau akhire ndadekaken perang agama kang kaya mengkonon mau, senyatane dudu ker-

sane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati. Mung dilallah kersane Allah.

Crita iki nuli ngwujudaken sabdane Gusti Sinuwun Sunan Gunung Jati maring para kawulane kabeh. Poma-poma besuk aja sok kuma wani nggedeknang tatune pribadi, kang bisa njalari pecahing semeduluran.

### **13. ENDHANG DARMA AYU**

Waktu jaman pertengahan, ning sejerone alas Wanadri, ana lakune satriya lelana. Putrane Sang Prabu Singalodra, raja sing negeri Bagelen. Kang aran Gagak Wiralodra.

Gagak Wiralodra ana ning alas gung aliwang-liwung iku, marga nggoleti Begawan Dupa Gandrung, yaiku begawan kang sakti tur beli kenang pati, lamun beli dikersani.

Dene perlune Gagak Wiralodra anggone nggoleti Begawan Dupa Gandrung mau, marga kautus ning gurune, yaiku Begawan Dupa Santa. Gagak Wiralodra dikon nambah ilmune, geguru ning Bagawan Dupa Gandrung mau. Kang jarene Begawan Dupa Santa, yen Begawan Dupa Gandrung iku masih adhine dh'eweke.

Nalika Gagak Wiralodra lunga sing negarane, nuruti wangkide wangatuya, dikon nambahi ilmune, Gagak Wiralodra kapidara ning puncak gunung Dieng. Terus ketulungan ning Begawan Dupa Santa. Gagak Wiralodra nuli geguru ning Begawan mau, nganti dadi satriya kang sakti mandraguna.

Bareng ilmune Begawan Dupa Santa mau wis diajaraken kabeh ning Gagak Wiralodra, Begawan Dupa Santa nuli pupus, sirna, balik ning alam kelanggengan. Tapi sedurunge Begawan Dupa Santa mau mati, Begawan Dupa Santa ngongkon Gagak Wiralodra nggoleti Begawan Dupa Gandrung mau. Gagak Wiralodra dikongkon nerusaken anggone geguru ilmu ning Begawan Dupa Gandrung, ambiran ilmune bisa sempurna.

Nurut jare Begawan Dupa Santa gurune mau, yen Begawan Dupa Gandrung lelana marani jagat sebelah kulon.

Waktu semono uga Begawan Dupa Santa nerangaken, yen Begawan Dupa Gandrung mau duwe kesekten kang diarani, "Aji Lindu Selaksa."

Aji Lindu Selaksa mau karupaaken ning wujude pecut, kang umpama disabetaken, bisa ngoyegaken jagat, kaya kenang lindu.

Lakune Gagak Wiralodra kang nasak-nasak ana ning sejerone alas Wanadri, sawise ngliwati pegunungan kapur sing dadi tapel watese Jawa Barat mbari Jawa Tengah, suwe-suwe tekan ning sebrang kali Cimanuk.

Kebeneran kali Cimanuk mau lagi mumplak-mumplak, banjir banyune. Ombake gedhe, santer iliring banyune.

Tapi, marga ning sebrang kono langka panggonan kang bisa dienggo liren, mangka jagat wis bengi, sedheng ning sebrang kanae katon ana kerlipe damar, Gagak Wiralodra nuli maksa nyebrang.

Nganggo kesaktene, Gagak Wiralodra terus nugel pang kayu kang gedhe. Pang kayu mau nuli dienggo tincekane sikil kewene, anggone ngadeg. Sedeng sikil tengene cawelan, ngwelahi banyu. Nganti kayune bisa ngloyor, kaya prau.

Sewise nyebrang kali Cimanuk mau, Gagak Wiralodra terus marani ning kerlipe damar. Kang nyatane kerlipe damar sing dipasang ning umahe Man Timpen.

"Cung," jare Man Timpen kaget, ngrasa ketekan bocah nom-noman kang bagus rupane." Bengi-bengi, kacung teka sing endi?"

"Saking sebrang kalen Mang," jawabe Gagak Wiralodra.

"Hah, ... apa? Sing sebrang kalen?" takone Man Timpen maling tambah kaget ning Gagak Wiralodra. Marga biasae lamun kali Cimanuk lagi banjir, langka kang wani nyebrang.

"Inggih Mang," jawab Gagak Wiralodra maning.

"Apa kacung ... beli apa-apa?" takone Man Timpen maning keder, kaya wong kang rada beli percaya, yen Gagak Wiralodra nyebrang kali Cimanuk mau beli nemoni alangan.

"Mboten punapa-punapa Mang," jawab Gagak Wiralodra. "Berkah pangestunipun Mamang, kula slamet anggenipun nyebrang lepen punika."

"Lah ya ... syukur, ayu mene, mampir dikit," jare Man Timpen. "Dudu ... sebenere apa perlune Kacung anggur-anggur lelaku ning wayah bengi."

"Kula badhe nyuwun tulung liren, nyipeng teng ngriki." jawabe Gagak Wiralodra lugu.

" Ya wis, ayu mene manjing ning umah," jare Man Timpen bari ngajak Gagak Wiralodra manjing ning jero umahe.

Gagak Wiralodra nurut, manjing umah. Nuli dikenalaken mbari Bi Timpen rabirte Man Timpen.

"Baka bengi, ning kene sok-soke beli aman, dadi glijigane wong-wong sing endi-endi. Adoh elor, adoh kidul, langka tangga siji-siji acan," jare Man Timpen sawise ndodok ning gelaran klasa sing dipasang ning blandongan umahe. "Pancene Mamang mbangun umah ning kene iki perlune mung kanggo nulungi wong-wong kang kebengen."

"Matur kesuwun," jare Gagak Wiralodra.

Seteruse Man Timpen kandha ngalor ngidul, nganti tekan ning anae sayembara, kang lagi rame-ramene diadegaken ning Nyi Mas Ratu Ayu Gandasari.

Man Timpen kanda, yen ning waktu iki, Nyi Mas Ratu Ayu Gandasari lagi nggelar sayembara. Sing sapa-sapa bisa naklukaken jurite, kuwen kang dadi jodhone.

Gagak Wiralodra ketarik atine, nuli takon ning endi tempat genahe sayembara mau.

Man Timpen nuli nerangaken, yen genahe sayembara mau ana ning ilire kali Cimanuk, terus mengetan. Yaiku ning daerah Cirebon.

Esuke Gagak Wiralodra pamit, nuli nerusaken lelakune, nututi iliring kali Cimanuk nuju muarae. Sejane diubah, anggone nggoleti Begawan Dupa Gandrung, diundur, sawise melu sayembara.

Tapi Gagak Wiralodra suwe-suwe ngrasa kaget, krungu ujare wong-wong kang kecundang perang mau, pada tatu kenang sabetan pecute Nyi Mas Ratu Ayu Gandasari, kang santere kaya gledeg nyamber. Jarene nganti bumi bisa oyeg.

Gagak Wiralodra bungah atine, marga pengrasane bakal ketemu bari sedulur, kang tentune bisa ndodokaken ning endi panggonane Begawan Dupa Gandrung. Gagak Wiralodra duwe panduga, yen Nyi Mas Ratu Ayu Gandasari iku pasti murid utawane putrine Begawan Dupa Gandrung.

Sinegeg, lakune Gagak Wiralodra. Gantia ning kang ndingini

lelaku ana sedawane iliring kali Cimanuk mau. Yaiku lakune wanodya ayu rupane, aran Endang Darma Ayu.

Crita sing endi asal usule Endang Darma Ayu akeh kang saru. Salah sijine kaol nyritakaken, yen nalikane Pangeran Darma Putra, bangsawan sing negeri melayu, kairing dening para pengawale kang akehe patang puluh wong, lelayaran nuju kerajaan Demak, perlune anjangsono, gawe semeduluran. Tapi nalika kapale tekan ning muara kali Cimanuk diuntal ning ombak. Kapale kerem. Pangeran Darma putra bari para pengiringe pada mati, disareaken ning separeke muara kali Cimanuk. Kang slamet mung Nakoda bari putrine Pangeran Darma Putra, sing masih cilik. Marga ketulungan ning Nakoda kapal mau.

Seteruse, putrine Pangeran Darma Putra nuli digawa ning Nakoda kapal, marani satengahe alas, nututi kali Cimanuk.

Bareng tekan ning tuk, sumber banyu kali Cimanuk mau, Nakoda kapal mati. Dirodhet-rodheth macan kang masih akeh, gentayangan ning sejerone alas.

Kebeneran ning waktu iku, Begawan Dupa Gandrung kang umure luwih sing nem atus seket tahun, marga duwe aji beli kenang pati, nglilir anggone tapa turu. Nuli marani pinggire kali Cimanuk mau.

Krungu tangise bocah sing ana ning rikit pinggir kali mau, Begawan Dupa Gandrung gage nulungi.

Begawan Dupa Gandrung ngerti, yen bocah mau nembe bae ditinggal mati bapane. Marga beli adoh sing kono katon ana getih gleceran, bari wujude menuka kang remuk direma-rema satoan galak.

Putrane Pangeran Darma putra mau nuli dipulasara nganti gedhe, diarani Endhang Darma Ayu. Didhidhik, didadeknang muride Begawan Dupa Gandrung.

Ana dene Begawan Dupa Gandrung iku sebenere, rikala Jaman Sang Prabu Sanjaya mrentah negeri Mataram Hindu, dadi Senopati kerajaan mau. Tapi bareng Sang Prabu Sanjaya sumeren, nuli diganti Putrane kang aran Sang Prabu Rangkaian Panakaram. Kepengaruhan ning agama Budha. Kaanan rakyat beli pati diurus, pamerentahane ngutamakan anggone mbangun

enggon pemujaan bae. Begawan Dupa Gandrung ngrasa beli cocog, terus ngilang tanpa krana. Tetapa ana ning sejerone alas Wanadri.

Begawan Dupa Gandrung bisa urip atusan tahun, marga waktu lagi nom, ngudi ilmu Rawarontek, bebarengan bari Begawan Dupa Santa.

Pulane padha kalagan Begawan Dupa Santa, nalika ilmune Begawan Dupa Gandrung wis diajaraken kabeh ning Endhang Darma Ayu, Begawan Dupa Gandrung nembe bisa balik ning alam kelanggengan.

Sawise Begawan Dupa Gandrung sumeren, Endhang Darma Ayu lelana, nuruti wangkide Begawan Dupa Gandrung, kongkon nggoleti asal-usule wangatuwane.

Tapi banget dadi mengkele Endhang Darma Ayu, marga ning endi genah panggonane, dheweke dimusuhi wong. Wong-wong padha nyangka yen Endhang Darma Ayu iku Nyi Mas Ratu Ayu Gandasari. Nganti ning endi panggonane, Endhang Darma Ayu pasti diajak adu tanding kesekten.

Tekan ning sawijining bengi kang padang lunangan, Endhang Darma Ayu masih ngayoni jurite wong sepuluh kang ngroyok dheweke.

Ning waktu semono, Endhang Darma Ayu ngrasa kewalahan, pecute kang gumleder, nyamber-nyamber, beli ndadeknang mirise para jagoan kang ngroyok.

Lagi perang sengit antarane Endang Darma Ayu bari para jagoan kang nekad anggone ngadu kerosan, Gagak Wiralodra teka.

Ndeleng Endhang Darma Ayu kang lagi dikrubit mau, Gagak Wiralodra nuli bebantu ning Endhang Darma Ayu.

Tapi, bareng musuh kangngrubut Endhang Darma Ayu mau wis kalah kabeh, Endhang Darma Ayu bebalik nrajang Gagak Wiralodra.

"Rayi, ... Rayi Gandasari, sabar dikit Rayi," jare Gagak Wiralodra, beli asa-asa kaya bari adhine bae.

"Tar, ... tar,... tar," pecute Endhang Darma Ayu kang njawab ujare Gagak Wiralodra.

"Rayi Gandasari, mengko dhikit Rayi," jare Gagak Wiralodra maning, nyoba mbendung amarahe Endhang Darma Ayu bari nahan sabetan pecute.

Endhang Darma Ayu tambah mengkel, ndeleng Gagak Wiralodra kaya wong kang beli wedi, beli miris ning dheweke. Pecute nuli disabetake sesantere ngarah pondhake Gagak Wiralodra.

Gagak Wiralodra nggetem, nahan lara. Marga pecute Endhang Darma Ayu ngenani, nyodhet pondhake. Nganti getihe metu gleceran.

"Sabar Rayi, Kakang ... masih," ujare Gagak Wiralodra beli ditutugaken.

Endhang Darma Ayu, kami tenggengen. Ndeleng Gagak Wiralodra mandhah, beli gelem nginggati pecutane. Sakala kelingan wangkide Begawan Dupa Gandrung, yen dheweke beli kena kawin bari wong kang beli kuat nahan sabetan pecute. Besuk kena kawin lamunan bari wong kang bisa nandhingi kesektene.

"Rayi, Kakang masih sedulur bari Rayi," jare Gagak Wiralodra maning nerangaken kaanan awake.

Endhang Darma Ayu lingsem atine, napsune tambah mengkel, ndeleng dedeg pengadege Gagak Wiralodra kang pideksa tur bagus rupane.

Rasa isin kang kecampur ning rasa mengkele Endhang Darma Ayu ndadekaken rasa kaku atine. Endhang Darma Ayu sakala nekad nitiraken pecute nyabeti Gagak Wiralodra.

Ning kono Gagak Wiralodra uga padha bae, mandhah beli nginggati sabetan pecute Endhang Darma Ayu. Gagak Wiralodra mati rasa, ngadeg njubleg bari mandeng ning Endhang Darma Ayu ngarepaken welas asihe. Nganti suwe-suwe pecute Endhang Darma Ayu ngglubed ning gulune Gagak Wiralodra, ucul sing cekelane.

Endhang Darma Ayu ngrasa lingsem terus sesumbar.

"Heh, Satria Isun Dudu Gandasari. Isun Endhang Darma Ayu," Jare sesumbare Endhang Darma Ayu terus mlesat njebur ning muara kali Cimanuk, nganti sirna sejasade.

"Rayi, ... Endhang Darma Ayuuu ...," Ujar jawabe Gagak

Wiralodra, ngrasa getun beli bisa gage nulungi, nyandhak Endhang Darma Ayu, kang ilang kegawa ning uling.

Kedadian kang kaya mau, nuli ndadekaken tekade Gagak Wiralodra kanggo mbangun dhaerah.

Awit sing asale mung gawe panggonan kanggo nganakaken paguron, terus nganti dadi kota. Kota mau diarani Darma Ayu.

Saya lawas, kenang pakecape omongane uwong, kota Darma Ayu rubah dadi Dermayu, terus nganti kesebut kota Indramayu. Cerita punika kaanggit saking Kitab lontar aksari Jawi kuna ing-kang sampun langka, margi kasirnaknang dening rayap. Kawaosaken dhateng almarhum pun guru pribadi, kala wanti pun pribadi nincak dewasa. Margi anggene remen ngilari nalar Cerita.

#### 14. KI GEDE SURA

Nurut kandane wong tuwa jaman bengien, yen wong kang arep geguru luruh pangabisa apa bae iku beli gampang. Tapi kudu lulus ning syarate. Beli saben uwong bisa geguru ning paguron kang bakal ngupahi pangaweruh.

Anadene syarate kanggo manjing paguron mau biasane, kudu gelem nahan kempong, kuwat jiwae, mantep anggone maguru, disiplin, duwe tujuan kang bagus kanggo sepeпада, tur sok-soke uga kudu ana wejanie.

Dadi lamun wong kang kepengen duwe kepinteran silat, beli aneh yen diuji dipit, dibanting ning tembok. Lamun kuat ketrima, lamun beli kuat nahan larane ditolak. Liyane iku uga kudu ngawa sarana kang dadi wejanie mau, yaiku beras, lawon, ayam bari duwit.

Mengkonona uga sawise metu sing paguron, beli padu metu. Tapi disumpah dipit, dijanji, kira gelem gawe aruming aran pagurone, disuceni batine, nganti ilang sekabeh angkara sing ana ning jiwa ragane.

Critane ana ning alas sejerone dhaerah Banten, ana iku sawijine nom-noman aran Jaka Tapa.

Jaka Tapa nembe bae mentas sing paguron tur wis disumpah dikongkon gelem bakti ning gurune, bari tindakan kang bakal beli gawe isine gurue. Gelem ngamatlaken kebagusan, tetulung ning wong kang perlu ditulungi.

Lakune Jaka Tapa amblas mengetan. Sedalan-dalan anggone lelaku nuruti prentahé gurune mau. Pirang-pirang wong kang ditulungi, akeh bajingan sing pintere mung gawe kerusuhan sing ditumpes. Nganti Jaka Tapa kesohor dadi jagoan.

Bareng arane wis arum, Jaka Tapa klalen ning wangkide gurune. Ning endi-endi Jaka Tapa ngloroni musuh, pangrasane

dadi jago-jagoa dhewek. Tindakane beli milih salah utawa belie. Tapi saben ana musuh sing tangguh dipareki. Nganti suwe-suwe Jaka Tapa ngrungu, yen ning tanah Cirebon ana Ratu adil kang sakti mandraguna.

Terus bae Jaka Tapa njujug tanah Cirebon, nyatroni keraton Cirebon, perlu njajal kesaktiane.

Kabeh para kawula balae Gusti Sinuwun Sunan Cirebon langka sing weruh tekae Jaka Tapa ning sejerone keraton, perlu nggoleti Gusti Sinuwun Sunan Cirebon kang kesohor dadi Ratu adil mau.

Ning kono Gusti Sinuwun Sunan Cirebon lagi sholat. Dadi tekane Jaka Tapa mau dimanggaaken ning manuke Gusti Sinuwun Cirebon. Manuke mau ngatur, ngongkon Jaka Tapa ndhodhok, bari kongkon ngenteni sedepat, marga Gusti Sinuwun Sunan Cirebon jarene lagi tafakur, nenuwun ning Gusti Allah.

Ndeleng manuke Gusti Sinuwun Sunan Cirebon kang bisa tatajalma mau, Jaka Tapa kaget. Batine, "Aduh, bener-bener Gusti Sinuwun Sunan Cirebon iku sakti. Apa maning uwonge. Manuke bae bisa ngomong."

Ilang niate Jaka Tapa kang arep ngadu kesakten mau, rubah kepengen geguru ning Gusti Sinuwun Sunan Cirebon.

Dening Gusti Sinuwun Sunan Cirebon, Jaka Tapa ditrima dadi muride. Malah suwe-suwe dadi murid kang kinasihan, tur didadeknang punggawane.

Sawise lawas anggone Jaka Tapa dadi punggawane Gusti Sinuwun Sunan Cirebon, Gusti Sinuwun Sunan Cirebon kepengen ngupahi jodoh ning Jaka Tapa.

Kebeneran ning waktu iku Gusti Sinuwun Sunan Cirebon ngrungu, yen Adipati Rajagaluh duwe putri ayu rupane. Nuli bae Gusti Sinuwun Sunan Cirebon gawe rencana kanggo nepungaken Jaka Tapa bari putri mau. Kang maksude kiraa hubungan Rakyat Cirebon kalagan Rakyat Rajagaluh dadi tambah raket. Mengkoe, nawen agama Islam bisa dianut ning Rakyat Rajagaluh.

Gusti Sinuwun Sunan Cirebon nuli ngutus Jaka Tapa marani Rajagaluh. Dikongkon negesaken bener belie, yen Adipati Rajagaluh mau duwe putri sing durung ana lakine.

Anggone mangkat marani Rajagaluh, Jaka Tapa dibaturi ning Ki Gedhe Bagusan.

Mung bareng tekan ning Rajagaluh, sawise Jaka Tapa bari Ki Gedhe Bagusan wis weruh, yen Adipati Rajagaluh mau bener duwe Putri ayu, kang aran Dewi Arum Sari, Jaka Tapa nuli pagugudreg urusan bari Ki Gedhe Bagusan.

Angkoe Ki Gedhe Bagusan anggone nepungi Putri mau nganggo cara satria. Ambir olih belie dadi ning baguse. Tapi pendapate Jaka Tapa beli mengkonon. Putri mau dicolong bae, ambir bening banyue kena iwake.

Akhire sanajan dicegah ning Ki Gedhe Bagusan, Jaka Tapa maksa. Jaka Tapa manjing ning keputren Adipati Rajagaluh, nyolong Dewi Arum Sari.

Ki Gedhe Bagusan kaget, ndeleng tingkahe Jaka Tapa, tapi wis alang-alang. Nalika wadya bala kadipaten Rajagaluh ibur kelangan putrine mau, Ki Gedhe Bagusan tumindak dadi palang dadae. Ki Gedhe Bagusan nuli sesumbar yen dheweke kang mboyong putri mau.

Nuli bae wadya bala kadipaten Rajagaluh, ngroyok Ki Gedhe Bagusan, nganti Ki Gedhe Bagusan keplayu, sawise tatù bocak-bacek. Semengko ketulungan ning lelakone Nyi Mas Ratu Gandasari.

Kacarita playune Jaka Tapa kang mboyong Dewi Arum Sari mau, tekan sawijining gubug kang ana ning tanah cengkar. Ning kono Jaka Tapa liren.

Jaka Tapa mandeng ngwaspadakaken rupane Dewi Arum Sari kang lagi nangis, mingsek-mingsek kemengkelen. Dewi Arum Sari katon ayu pisan, kaya dene widadari sing kahyangan. Jaka Tapa kepencut atine. Semonoa uga atine Dewi Arum Sari, sawise kebutuk ning Jaka Tapa, dheweke katarik ning Jaka Tapa.

Wong loro mau nuli pada madu janji, madu asih. Ngrasaknang nikmate anugerah Gusti Allah sing langka kekuatan kang bisa misahaken sih tresnaning atine.

Suwe-suwe Jaka Tapa kelingan, yen dheweke mboyong Dewi Arum Sari mau, marga keutus ning Gusti Sinuwun Sunan Cirebon.

Nuli kaanane mau dikandaknang ning Dewi Arum Sari. Tapi, rehning Jaka Tapa satemene beli weruh, yen dheweke arep dijodohaken bari putri mau, sedheng Dewi Arum Sari beli gelem dipasrahaken ning Gusti Sinuwun Sunan Cirebon, dadi Dewi Arum Sari terus ditinggal.

Jaka Tapa atur laip ning Gusti Sinuwun Sunan Cirebon. Yen bener anae putri mau. Tapi beli ayu-ayua, blesak tur budhugen. Beli pantes lamun kapasrahaken ning ngarsane Gusti Sinuwun Sunan Cirebon.

Gusti Sinuwun Sunan Cirebon nuli ngandika marahi ning Jaka Tapa, "Jaka Tapa, ayu atanapi belie Dewi Arum Sari iku wis dadi jodohira. Trimanen kanti leganing atinira. Mung wangkidisun, anggonira njonjoni agamanira kang bener."

Jaka Tapa nyanggupi, terus batik maning nyusul Dewi Arum Sari marani ning gubug mau. Tapi Jaka Tapa ngrasa keder, marga Dewi Arum Sari langka ning kono.

Critane, waktu Dewi Arum Sari ditinggal dhewekan. Dewi Arum Sari ngongor. Nuli nginum banyu kang ana ning separeke gubug mau. Sakala Dewi Arum Sari rubah, sekujur badane pating plentung, budhugen.

Dewi Arum Sari nangis, nelangsa. Ngrasa luluh jiwae. Arep balik ning Rajagaluh, watir beli ditampa ning ramane. Saumpama ngenteni Jaka Tapa, pangrasane Dewi Arum Sari, Jaka Tapa pasti beli bakal gelem disuwitani."

Jaka Tapa kang kemlebek nggoleti Dewi Arum Sari mau, suwe-suwe ketemu. Tapi Dewi Arum Sari wis rubah, kaya dene ature dheweke ning Gusti Sinuwun Sunan Cirebon.

Ning kono Jaka Tapa ngrasa, yen sekabeh mau marga kesalahane dheweke. Kang gelem atur bobad ning Gusti Sinuwun Sunan Cirebon. Jaka Tapa ngerti, yen wong kang gelem bobad iku pasti bakal nyilakani awake dhewek.

Marga Jaka Tapa rumangsa salah, pasuwitane Dewi Arum Sari ditrima. Seteruse gelem urip brayan, bari njaluk ampurae Gusti Allah. Nganti Dewi Arum Sari, bisa pulih kaya maune.

Saya lawas, Jaka Tapa bari Dewi Arum Sari dadi sesepuhé

Rakyat dhaerah mau. Bari sebutan Ki Gede Sura. Kang artine wani anggone nrima kudrate Gusti Allah.

Ki Gedhe Sura wangkid ning anak putue. Anak putue dikongkon pada sing bener, anggone njalanaken agama Islam. Poma-poma aja wani bobad. Marga sing sapa-sapa gelem bobad, samengko bakal nrima paukumane Gusti Allah.

Daerahe Ki Gede Sura mau, suwe-suwe dadi desa Tegalgubug. Kang maksude, tanah cekar sing panas ngentak-ngentak kang ana gubuge kanggo ngaub. Ngujaraken, sing sapa-sapa sing lagi ngrasa panas baran, kenang marga lantaran apa bae. Lamun gelem teka ning desa Tegalgubug, insya Allah bisa adem tur waras.

Nalika jaman penjajahan Belanda, desa Tegalgubug dadi pakumpulan santri, sing mbangun pesantren gedhean. Kesohor mendi-mendi.

Sedheng panggonan kang waktune Dewi Arum Sari nginum, dadi desa Rawagatel. Panggonan rikalane Dewi Arum Sari turun tangis diarani desa Kejiwan. Kang maksude luluhing jiwa.

## **15. RUKUN KANG MATEK SENTOSA**

Ning desa Grantungan, sewaktune jaman bengien, ana iku wong, kang arane Man Kadil. Man Kadil duwe anak papat lanang kabeh.

Anak kang pembarep aran Wenda, wis dipesantrenaken nganti dadi guru ngaji. Bari ya wis umah-umah ning desa Duku.

Anak kang nomer loro aran Wandi, uga wis umah-umah, ning desa Pertelon. Kerjaane dagang beras, dadi tukang tempuran.

Anak kang nomer telu aran Wanci, dadi pulisi desa Cangkungan. Marga kawin bari wong wadon, anake kuwu desa mau.

Sedeng kang pembouncing arane Wantu, uga ya wis kerja, dadi tukang bangunan tur urip umah-umah ning desa Tangkil.

Anake Man Kadil kang papat mau wis dirasa pada cukup, anggone umah-umah, beli kekurangan apa-apa. Marga Man Kadil beli kurang-kurang muwuri ning anake kang nemu kesusahan.

Tapi bareng rabine Man Kadil kang aran Bi Nemi mau mati, anake Man Kadil kang papat dadie sering pagudreg, urusan warisan.

Angkoe anak-anake Man Kadil sing papat mau, bandha kayae Man Kadil kang masih, kudu gagian dibagi.

Tukar padune anake Man Kadil mau, ndadeknang Man Kadil gering, nganti arepan mati.

Sedurunge mati, Man Kadil ngundang, Wenda, Wandi, Wanci bari Wantu, anake. Kongkon pada riungan nunggoni Man Kadil bapane.

Bareng wis pada kumpul, Man Kadil ngongkon Wenda njukut sapu sada.

"Nah Cung, ceg tampanana sada kiyen loroan," jare Man Kadil bari nglolosi sada sing sapu kang dinaknang anak pembarep ning dheweke.

Anake kang papat mau pada nurut, nampani sada rong rong lenjeran. Tapi durung ngerti apa maksude bapane.

"Bruk, nyacak tugel-tugelen," jare Man Kadil maning, ngongkon anak-anake pada nugeli sada kang wis diceg mau.

Wenda, Wandi, Wanci bari Wantu nuli nugel-nugel sada mau. Amoh pisan, nganti pada remuk jujuk.

"Gampang ya," jare Man Kadil maning.

"Enggih," jawab anake bebarengan.

"Sakiyen sira Wenda," jare Man Kadil ning Wenda anake kang pembarep. "Coba tugel-tugelen sapu kiyen. Kaya sira nugel sada mau."

Wenda nuli nyacak nugel-nugel sapu sada mau. Tapi nganti gatat-gotot, sapu sada mau beli bisa tugel.

"Ya wis, ari beli bisa sih. Nyacak kari sira Wandi," jare Man Kadil ning Wandi.

Kaya Wenda, Wandi gen nuli nyoba nugel-nugel sapu sada mau. Tapi beli bisa tugel. Nganti Man Kadil nuli nyoba ngongkon anak kang nomer telu. Nyatane ya pada bae. Wanci gen beli bisa nugel sapu sada mau.

"Nah, kari sira Wantu. Pedah sira dadi tukang bangunan, bisa beli, sira nugel-nugel sapu sada kiyen lih," jare Man Kadil ning anak kang pembuncing.

"Mboten sanggup," jawabe Wantu.

"Iya bener. Marga sada kang gampang ditugel-tugel kiyen lih, lamun dibengket dadi siji, rukun, kuat, sentosa. Beli gampang anggone ditugel-tugel," jare Man Kadil nasehati ning anak-anake. "Iku arane, Rukun kang matek sentosa."

Seteruse Man Kadil nuli crita ning anak-anake kang papat mau. Yen Gusti Allah itu wis paringan akal, budi, panca indra, tangan kalagan sikil ning menusa. Maksude kongkon wekel ngudi, ngedhuk anugerahe Pangeran, kang arupa barang kesugihan, sing sumebar ning sejerone bumi, bari dalan kang bener. Sing sapa wekel, pinter, jujur, sabar, tawakal bari gelem bakti ning Gusti Allah pasti bakal beli kekurangan apa-apa. Bandha kayane wong tuwa iku lamun anaa kah mung lumayan kanggo tambah modhal, yen langka beli kena dadi cilike ati. Marga satemene modhale

wong urip iku, kabeh wis diparingi dhewek-dhewek ning Gusti Allah. Poma aja gelem tukar padu, benteng ceweng, urusan bari sedulur, mung perlune rebutan warisan. Alukgan padha rukuna, gawe sentosaning semeduluran.

Sawise kandha kang kaya mengkonon mau, les ... Man Kadil mati. Nuli layone dipulasara ning anak-anake bebarengan.

Sejep waktu kuwen anak-anake Man Kadil padha eling, yen tukar padu iku langka manfaate, mung gawe pecahé wong kang perlu urip brayan. Gotong royong ngatasi kesusahan.

Anak-anake Man Kadil nuli rambatirata, bebarengan nggayuh penguripan, rukun, silih asih, silih asuh bari silih pagenten nge-lingaken ning dalan kang bener. Nganti kabeh anake Man Kadil bisa urip mulya.









### Riwayat Hidup Pengarang

**Manto**, adalah nama panggilan dari Sumarto. Lahir di Juntinyuat, Indramayu, tanggal 2 Desember 1941. Setelah menamatkan SGB menjadi Guru desa di Cirebon. Ia juga mempunyai kegemaran merantau, dan tahun 1966-1968 bertugas sebagai Sukarelawan Pendidikan di pedalaman Kalimantan. Tahun 1969 berhasil lulus Sekolah Pendidikan Guru (setingkat SLTA), selanjutnya menjadi Guru SD Negeri Jungjang I, Arjawinangun, Cirebon.

Mula-mula menulis cerita anak-anak secara rutin di Mingguan Pelajar, Bandung. Kemudian mencoba menulis buku cerita anak-anak.